ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№115 (24.241) • 2021 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 25, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# ПсэзэпылъхьэпІэщ Іуащхьэмахуэ кІуэ гъуэгур



**Мэрем жэщым ирихьэлІэу Іуащхьэмахуэ и щыгум дунейр хуабжьу къыщызэІыхьащ: жьапщэ ин зыщІэт уэшхымрэ уэсымрэ зэхэзэрыхьыжауэ зы секундым метр 70-м нэс я хуабжьагъыу борэныр зэрызохьэ. Апхуэдэ щытыкІэм хиубыдащ Европэм и къурш нэхъ лъагэ дыдэм хуэкІуэ альпинист 19-р. Метр 5300-м нэблэгъауэ абыхэм яхуэмыхьыжыххэ хъуащ икІи икІэщІыпІэкІэ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэу къэлъэІуащ.**

ХЪЫБАР къазэрыІэрыхьэу, МЧС-м и къегъэлакІуэхэр псынщІэ дыдэу гъуэгу теуващ. Жьапщэми, уаеми, псэзэпылъхьэпІэми къапимыкІуэту абыхэм къалъыхъуэу хуежьащ борэным зэщІиІулІахэр. Къегъэлыныгъэм занщІэу хузэщІагъэуІуащ техникиблкІэ зэщІэузэда псэемыблэж щІалэ 20-рэ. Абыхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ.

Лей зытехьахэм нэхъ щІэхыу сэбэп яхуэхъуфын папщІэ Къэхъукъащ1э шынагъуэхэм хиубыдахэм щеІэзэ центрымрэ ДэІэпыкъуэгъу псынщІэмрэ я бригадэхэр, щІыпІэ администрацэм и къулыкъущІапІэхэр метр 5000-м щІигъукІэ бгым дэкІуеящ. Къэрагъэлхэр абыхэм ирашалІэрт. Районымрэ республикэмрэ я медицинэ ІуэхущІапІэхэри хуагъэхьэзырат фэбжь зыгъуэтахэр къазэрыІэрыхьэу щакІэлъыплъыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и нэІэм щІэтащ къегъэлыныгъэхэр зэрекІуэкІ щІыкІэр. Япэ жэщым ирихьэлІэу цІыхуи 8 къагъуэтыжат: 5-м дэІэпыкъуныгъэ иратат, 3-р хэкІуэдащ. Адрейхэр увыІэгъуэ имыІэу къалъыхъуащ. Іуэхур гугъу ищІащ Іуащхьэмахуэ и щыгум щІыІэр градус 20-м зэрыщыщІигъуамрэ борэным и зэранкІэ зыри зэрумылъагъумрэ.

КъыкІэлъыкІуэ махуэм адрейхэми ялъэІэсащ. Абы теухуа хъыбарым дыкъыщоджэ КъБР-м и Іэтащхьэм Инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым: «Къегъэлак1уэхэр зэпэщу зэрызэдэлэжьам, абыхэм я лІыхъужьыгъэмрэ Іэзагъымрэ я фІыгъэкІэ уэс борэным и гъэрыпІэм кърашащ альпинист 19-м ящыщу 14-р».

Дохутырхэр къеплъа нэужь, цІыхуищыр яутІыпщыжащ. Альпинистхэм ящыщу 11-р икІэщІыпІэкІэ Республикэ клиникэ сымаджэщым нагъэсауэ дэІэпыкъуныгъэ ират. Лей къызытехьахэм МЧС-м и психологхэр ядолажьэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, хэкІуэдахэм я бжыгъэр 5-м нэсащ. Абыхэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэгузэващ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

Іуащхьэмахуэ и щыгум къыщыхъуа гузэвэгъуэр къызыхэкІар республикэм и хабзэхъумэхэм зэхагъэкІ.




## КъБР-м и Парламентым и депутатхэм папщІэ

2021 гъэм фокІадэм и 30-м КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр екІуэкІынущ. Ар щІидзэнущ сыхьэти 10-м.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.*



## Фыдогъэблагъэ!

**Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизион ЕпщыкІузанэ джэгугъуэ**

*«Спартак-Налшык» - «Дружба» (Мейкъуапэ)*
*Налшык. «Спартак» стадион.*
*ФокІадэм и 26.*
*Сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 30-м.*

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-ІуэхущІапІэхэм къат



# Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ я экономикэм ехьэлІа Іуэхухэр

**УФ-м и Правительствэм и Зэзыгъэуlу центрым къэралым и вице-премьер Новак Александр щригъэкІуэкІа зэІущІэм республикэхэм я Іэтащхьэхэу КІуэкІуэ Казбекрэ Меликов Сергейрэ къыщыхалъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным ехьэлІа проект нэхъыщхьэхэр.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Решетников Максим, УФ-м и Президентым и Администрацэм, УФ-м и Правительствэм и Аппаратым я унафэщІхэм ящыщу зытепсэлъыхь Іуэхухэр зэхьэлІахэр, УФ-м промышленностымрэ сатумкІэ, мэкъумэш ІэнатІэмкІэ, лэжьыгъэмкІэ, энергетикэмкІэ, транспортымкІэ, туризмэмкІэ, къэрал мылъкур зегъэкІуэнымкІэ и министрхэм я къуэдзэхэр, апхуэдэуи стратегие мыхьэнэ зиІэ къалэнхэр убзыхунымкІэ центрым и лІыкІуэхэр.

Решетников Максим зэрыжиІамкІэ, дэтхэнэ щІыналъэми экономикэ и лъэныкъуэкІэ зэрызиужьыну щІыкІэр зи лъабжьэ щапхъэр - ар щытыкІэр къызэрапщытэ Іэмэпсымэф1щ, абы экономикэм зегъэужьынымкІэ здынэсын хуей гъунапкъэхэр убзыхунымкІэ, программэхэр зэхэлъхьэнымрэ абыхэм ятеухуа унафэхэр къэщтэнымкІи Іэмал къет.

«Дэ зэхыдолъхьэ КИФЩІ-м хыхьэ щІыналъэхэм зэдэууэ зэрызедгъэужьыну щІыкІэхэр, псом япэрауи, тегъэщІапІэ тщІыр цІыхухэм ІэнатІэ яІэнырщ. Зэрызаужьыну щІыкІэм дыщыхэплъэкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ щІыналъэм иІэ хэкІыпІэхэр, экономикэм и ІэнатІэхэм я щытыкІэр зыхуэдэр къэлъытэным. Апхуэдэ зэпэлъытыныгъэхэм Іэмал къатынущ 2030 гъэ пщІондэ лэжьапІэ ІэнатІэу зыхуеинур убзыхунымкІэ, лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр къызэІухынымкІэ, апхуэдэуи инвестицэхэр зыхуэдизынур къэлъытэнымкІэ», - къыхигъэщащ министрым.

Меликов Сергейрэ КІуэкІуэ Казбекрэ къагъэлъэгъуащ республикэхэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ зэрызаужьыну щІыкІэхэр щызэпалъытым наІуэ къэхъуахэр - ар абыхэм я экономикэхэр бюджет ІэнатІэм, къимыдэкІэ, щІыналъэ бюджетхэри къэрал бюджетым куэдкІэ зэрелъытахэрщ. Апхуэдэуи лэжьапІэншагъэр щІыпІэхэм зэрыщылъагэр къыхагъэщащ икІи бюджет ІэнатІэм хэмыхьэ ІуэхущІапІэхэм ІэнатІэ щыпэрытхэр куэд дыдэ зэрыхъури жаІащ.

«Гулъытэ хэха хуэщІын хуейщ цІыхухэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщыныр зэкІэлъызыгъэкІуэну е ІэнатІэ зэрыІутыр хэІущІыІу зымыщІхэр къэгъэнэІуэным хуэщхьэпэну проектхэр зэхэлъхьэным, сыту жыпІэмэ, лэжьапІэхэр къызэІухыным текІуэдэнур абыхэм ягъэмэщІэнущ. Ар Іуэхутхьэбзэ щІэным, туризмэм, мэкъумэш хозяйствэм, хьэрычэт ІэнатІэ мыинымрэ курытымрэ хэтхэм нэхъ ехьэлІащ. Иджыпсту нэхъ зытегъэщІэн хуейр, мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэр федеральнэ программэхэм хэтынырщ. Мыбдежым къэпщытэн хуейщ КИФЩІ-м хыхьэ щІыналъэхэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным къэралым хуищІ гулъытэм сэбэпынагъыу къихьыр зыхуэдизыр. Абыхэм ящыщщ инфраструктурэ щІыхуэхэр зэрыратыр, худачыхыу щІыхуэ зэрыхухах 1764 программэр, нэгъуэщІхэри», - къыхигъэщхьэхукІащ министрым.

Гулъытэ хэха хуащІ псэупІэ-коммунальнэ, мэкъумэш, туризм ІэнатІэхэм, жызум гъэкІынымрэ шагъыр щІынымрэ, жыг хадэхэр хэсэным, хуабэщхэр гъэлэжьэным. Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэмрэ а Іуэхур зэхьэлІа ІуэхущІапІэхэмрэ жыджэру яужь итщ «Іуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексымрэ Дербентрэ зегъэужьыным.

А Іуэхухэр зэфІагъэкІын папщІэ республикэхэм къагъэнэІуащ нэхъапэ игъэщыпхъэ проектхэу 2030 гъэ пщІондэ ягъэзэщІэну я мурадхэр. А лэжьыгъэхэр зэфІэгъэкІа хъун папщІэ Дагъыстэным инвестицэу сом мелард 436-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым - сом мелард 454,3-рэ къыхалъхьэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ехьэлІа проектхэм я Іыхьэ плІанэр туризмэм пыщІащ. Абыхэм ящыщщ «Іуащхьэмахуэ» комплексым зегъэужьыныр. Инвестицэхэр зыхалъхьэну, мыхьэнэшхуэ зиІэ адрей унэтІыныгъэхэм яхохьэ мэкъумэш ІэнатІэр, псэупІэ ухуэнымрэ энергетикэмрэ.

ЗэІущІэм щызэпкърахахэм япкъ иткІэ Новак Александр абы хэтахэм пщэрылъ ящищІащ республикэхэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным хуэгъэза, япэ игъэщыпхъэ проекттхэм и кІэм нэсу елэжьыжыну.

«АдэкІи къэлъыхъуэн хуейщ щІыналъэхэм зегъэужьыным хуэщхьэпэну Іэмалхэр, проектыщІэхэр зэхэлъхьэпхъэщ. Фигу къэзгъэкІыжынщи, абыхэм мыхьэнэшхуэ щІаІэр КИФЩІ-м хыхьэ щІыналъэхэм щыпсэухэм я псэукІэр егъэфІэкІуа хъуныр, а щІыпІэхэм я экономикэмрэ бизнесымрэ зегъэужьыныр зэрелъытарщ. Правительствэр дяпэкІи ядэІэпыкъунущ зэрызаужьынум теухуа щІыкІэхэр жыджэру зэхэзылъхьэ, социально-экономикэ я лъэныкъуэкІэ я Іуэхухэр ирагъэфІэкІуэну хуейуэ къалэнышхуэхэр зыхуэзыгъэувыжыф дэтхэнэ щІыналъэми», - къыхигъэщащ Новак Александр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэр унафэ къэзыщтэхэм ящыщу комиссэм хэт **Маршэн Борис Исмэхьил и къуэм** хуогузавэ абы и къуэ **Маршэн Морис Борис и къуэр** зэрылІам къыхэкІыу.

# КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Сэхъурокъуэ Хьэутий дохъуэхъу

**Жэуаплыныгъэ зыпылъ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэу зэрыхахыжар ди гуапэщ икІи дохъуэхъу а ІэнатІэм нэгъэсауэ щехъулІэну. Хьэутий Хьэзрит и къуэм и жыджэрагъымрэ къызэгъэпэщакІуэ зэфІэкІымрэ я фІыгъэкІэ пщІэшхуэ зиІэ а зэгухьэныгъэм дуней псом адыгэу тетым я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэнымкІэ зэфІигъэкІ Іуэхухэр нэхъри зэрефІэкІуэнум шэч къытетхьэркъым.**

*КъБР-м и Жылагъуэ палатэ.*

# Зэрызрагъэужьынум топсэлъыхь



**«Іэщ лъэпкъыфІхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законыр зэрагъэзащІэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым. ЗэІущІэр къызэригъэпэщат Мэкъумэш ІуэхухэмкІэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкІэ комитетым.**

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ **Жанатаев Салим**, комитетым щыщхэр, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм, республикэм щІыпІэ унафэр зехьэнымкІэ ІуэхущІапІэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым, КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш ІуэхухэмкІэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **ТекІушэ Артур** жиІащ Іэщ лъэпкъыфІхэр гъэхъуныр мэкъумэш ІэнатІэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр.

- Іэщ гъэхъуным ехьэлІауэ къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжхэм ящыщщ лъэпкъыфІхэр хъумэнымрэ егъэфІэкІуэнымрэ, а Іуэхум епха ІэнатІэхэм къалэжьым хагъэхъуэнымкІэ сэбэп яхуэхъуныр, Іэщхэм ирагъэшхыр нэхъыфІ щІыныр, нэгъуэщІхэри, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Іэщ лъэпкъыфІхэм ехьэлІауэ лэжьыгъэр зэрырагъэкІуэкІым зэІущІэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Уэдыхь Тимур**.

«Іэщ лъэпкъыфІхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым ипкъ иткІэ республикэм Іуэхугъуэ пыухыкІахэр щызэфІагъэкІ, псом хуэмыдэу ахэр хуэгъэзащ шэрэ лыуэ къалэжьым, жэм бжыгъэм хэгъэхъуэным.

Уэдыхь Тимур зэрыжиІамкІэ, республикэм Іэщ лъэпкъыфІхэм щелэжьу ІуэхущІапІэ 23-рэ щыІэщ. 2021 гъэм и кІэм ирихьэлІэу, жэмхэм я бжыгъэр мин 20,5-м нагъэсыну я мурадщ. А унэтІыныгъэм ди щІыналъэм зыщиужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ Іэщ лъэпкъыфІхэр гъэхъуным къэрал дэІэпыкъуныгъэ зэрыхухахыр. Апхуэдэу, 2021 гъэм а Іуэхум хуаутІыпщащ сом мелуани 152,24-рэ: федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуани 141,58-рэ, республикэм и мылъкуу - сом мелуани 10,66-рэ.

Уэдыхьым къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ Іэщ лъэпкъыфІхэм зегъэужьыным щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ бгъэдыхьэн зэрыхуейр Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм щыщу КъБР-м и Іэтащхьэм республикэм и хабзэгъэув ІуэхущІапІэм Зэрызыхуигъэзам къыщыхигъэщауэ зэрыщытар. Абы дыщІигъуащ министерствэр муниципальнэ щІыналъэхэмрэ мэкъумэш ІэнатІэм и лэжьакІуэхэмрэ и гъусэу а къалэнхэр зэригъэзэщІэным иужь зэритынур.

ИрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Дзэлыкъуэ районым и щІыпІэ администрацэм мэкъумэш ІэнатІэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Бэрзэдж Рэмэзанрэ** Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **БэшкІур Азэмэтрэ**.

КъБР-м и Парламентым и депутат, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор **Апажэ Аслъэн** къыхилъхьащ еджапІэ нэхъыщхьэм епхауэ жылапхъэфІхэмрэ Іэщ лъэпкъыфІхэмкІэ щІыналъэ хъыбарегъащІэ центр къызэІухыным егупсысыпхъэу.

ЗэІущІэм зи гугъу щащІа Іуэхугъуэм ехьэлІауэ депутатхэм упщІэ зыбжанэ къэпсэлъахэм иратащ. Ахэр теухуат къалэжьлым зэрыхагъэхъуэну Іэмалхэм, республикэм шы гъэхъуным зыщегъэужьыным, нэгъуэщІхэми.

## МАМБЭТ Люсэ:

# ГъащIэр езыр насыпщ

***УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм щиIэ и Iуэхущ IапIэм и унафэщI, щIыналъэм и щIыпIэ самоуправленэм и Советым хэт Мамбэт Люсэ лэжьыгъэм бгъэдыхьэкIэ щIэщыгъуэ къыхуэзыгъуэтхэм, цIыхугъэри къэралым къыигъэув хабзэхэри зэзыгъэкIуфхэм ящыщщ, гъащIэм теухуауэ иIэ гупсысэхэри куущ.***



**- Люсэ, убзылъхугъэу уунафэщIыныр гугъу?**

- Сэ мы IуэхущIапIэм илъэс 20 хъуауэ сриунафэщIыщ. Тыншкъым си IэнатIэр, зэмани къаруи зытекIуадэщ. Ауэ лэжьыгъэм гурэ псэкIэ сыпэрытщ - нэгъуэщIуи хъунукъым. Иужьрей зэманым Пенсэ фондым хуэмыарэзыхэр куэдщ. Абы и щхьэусыгъуэр пенсэ ныбжьыр зэрагъэкIуэтарщ. ЖысIэну сыхуейщ, IуэхущIапIэм цIыхум и псэукIэр тынш зыщI къалэн куэд зэригъэзащIэр. Ар епхащ цIыхухэм Пенсэ фондым къыбгъэдэкIыу яIэрыхьэ ахъшэм ехьэлIахэм, IуэхущIапIэм къекIуалIэхэр зыщIэупщIэхэр нэсу къагурыгъэIуэным. ЦIыхум и гъащIэм къриубыдэу илэжьар, страховой мылъкуу фондым хилъхьахэр дэтхэнэми и банк картэм къыщыдогъэлъагъуэ. Ди лэжьыгъэр хъарзынэу къыдохъулIэ. Пэжщ, абы папщIэ лэжьакIуэ тэмэми уиIэн хуейщ. Къыздэлажьэхэм щытхъу зыхуэмыфащэ яхэткъым.

КъищынэмыщIауэ, сэ икъукIэ сэбэп къысхуэхъуащ нэхъапэкIэ сызыпэрыта IэнатIэхэр. Дзэлыкъуэ щIыналъэ газетым и редакцэмрэ куейм и щIыпIэ администрацэмрэ лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэм, цIыхухэм е нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм сазэрыдэлэжьэнум сыщыхуагъэсащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, унафэщI тэмэмхэри сызэриIар. Си унагъуэми сакъыгурыIуащ, зыкъысщIагъэкъуащ.

**- Уи лэжьыгъэм гу къылъатэу, фIыщIэ тхылъхэр къыпхуагъэфащэу упэрытщ. Абыхэм уэркIэ псом нэхъ лъапIэ яхэт?**

- ФIыщIэ, щIыхь тхылъхэри къызататщ. Нэхъ лъагэ дыдэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым къысхуигъэфэща фIыщIэ тхылъымрэ ди IуэхущIапIэр Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щынэхъыфIу къыщалъытам къызатамрэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ гуапэ сщыхъуар Дзэлыкъуэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и ЩIыхь тхылърэщ. «УкъыщамыщIэм ущыгъынщи, укъыщащIэм улIэужьщ», - жиIащ адыгэм. Махуэ къэс уи лэжьыгъэр зылъагъум ущилъытэм, ущигъэпажэм деж, абы уеIэт.

**- ЩIыпIэ самоуправленэм и Советым сытхэр щывлэжьрэ?**

- Советым 2008 гъэ лъандэрэ сыхэтщ. Iуэху куэд къызэрегъэпэщ абы. Псым, щIым я Iуэхухэр зыхуей хуэгъэзэныр, дэхуэхам дэIэпыкъуныр, уэрамхэмрэ зыгуэрым хухэхауэ яухуа унэхэмрэ цIэ яфIэщыныр, псэупIэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр дэмыкIуеиным кIэлъыплъыныр, ди къалэ цIыкIур къабзэлъабзэу щытыныр, цIыхухэм я гъащIэр гъэтыншыныр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри хохьэ ди къалэнхэм.

**- Дзэлыкъуэ щIыналъэм и гугъу пщIымэ, цIыхухэм я псэукIэкIэ нэхъ ехъулIэхэм ящыщ?**

- Къыхэзгъэщыну сыхуейщ щIыналъэм и фIагъыр, къабзагъыр, зэманым зэрыдэхъур абы и тхьэмадэм куэдкIэ зэрелъытар. Джатэ Руслан районым и унафэщIу зэрыхахрэ, Iуэхуф I куэд зэфIахащ, яухуари мащIэкъым. Унэ кхъахэхэм щыпсэухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным теухуауэ щыIэ программэм тету псэуалъэ 30 (фэтэри 144-рэ) щаухуащ щIыналъэм. ЦIыху 348-рэ унэщIэхэм ягъэIэпхъуэжащ. Гулъытэ щхьэхуэ хуащI зыгъэпсэхупIэхэр, парк цIыкIухэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ къабзэу зехьэнымрэ. Школхэмрэ сабий садхэмрэ зэпымыууэ и нэIэ щIэтщ щIыналъэ администрацэм. УхуэныгъэщIэ куэд диIэщ: сабий садхэр, спорт IуэхущIапIэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, стадионхэр. Дзэлыкъуэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и гукъэкIкIэ, диIэ хъуащ ди нып, герб, гимн.

**- Люсэ, уэ IэщIагъэ зыбжанэ зэбгъэгъуэтащ. Абыхэм укъытезгъэувыIэнут**...

- СыщыцIыкIум си хъуэпсапIэу щытар адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ сыхъунырт. Адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ щрагъэдж къудамэм сыщIыщIэтIысхьари арат. ЕгъэджакIуэ сыхъуакъым, ауэ си щIэныгъэр Дзэлыкъуэ район газетым сыщыщылэжьам къысхуэсэбэпащ. Ди университетым «Жылагъуэ IэщIагъэмкIэ факультет» жыхуиIэр иIэти, журналистхэр щагъэхьэзыр и къудамэм сыщеджащ. Корреспонденту, къудамэм и унафэщIу сыщылэжьащ газетым.

Кавказ Ищхъэрэм Къэрал къулыкъумкIэ и академием щIыпIэ администрацэм сигъакIуэри, менеджеру, экономисту, правоведу сригъэджат. Сыт хуэдэ IэщIагъэ зэзгъэгъуэтами, гъащIэм псори къыщысхуэсэбэпащ.

**- Лъэпкъ узыншэм сыт и шыфэлIыфэ?**

- Мы жысIэр куэдым ягу ирихьынукъым, итIани къыхэзгъэщынут. Сэ адыгэбзэм сыхуеджэну сыщыщIэтIысхьам щыгъуэ, зэрыжаIэу, ар «моднэтэкъым». Уеблэмэ, адыгэбзэкIэ псэлъэну зэзымыпэс куэд урихьэлIэрт. Дагъэлъахъшэну иужь итхэт зыкъом. Иджы соплъри, а япэм къытщIэнакIэу щытахэр дэнэкIи къыщыхокIиикI, «адыгэбзэр къэIэтыжын хуейщ» жаIэу. Адыгэбзэр хъумэн, ирипсэлъэн хуейуэ аращ. Птхьэла нэужь, ар уи кIий макъым къигъэушыжынукъым. Лъэпкъ узыншэм и нэщэнэ нэхъыщхьэр - бзэращ! КъардэнгъущI Зырамыку зэрыжиIащи, дунейм теткъым улъэпкъ мащIэн нэхърэ нэхъ гугъу. Уи бзэр уимыIэжмэ, лъэпкъышхуэхэм уахэзэрыхьыжынущи, узэфIэкIащ.

**- ЦIыху насыпыр сытым нэхъ еппхрэ?**

- КъызэрыгуэкI адыгэ бзылъхугъэущ цIыху насыпым сызэреплъыр. Унагъуэр, быныр, абы къащIэхъуэжыр, адэ-анэр, къыбдалъхуахэр пхуэузыншэмэ - мис ар дуней насыпщ. «Зи адэ-анэ зыдэжь щыIэкъым», - жиIащ пасэрейм. Ауэ гущIыхьэщ анэкъилъхур пасэу дунейм щехыжым деж. Илъэс пщыкIуийкIэ узэIэбэкIыжмэ, си дэлъхур дунейм ехыжащ. «Сэ нэхърэ нэхъ насыпыфIэ дунейм теткъым», - жысIэнт, ар сиIэжамэ...

ГъащIэр езыр насыпщ. ЗэрыжаIэщи, пщэдджыжьым гукъыдэж уиIэу лэжьапIэ укIуэмэ, пщыхьэщхьэм уи унагъуэм уахуэпабгъэу уекIуэлIэжмэ, ар насып ирокъу. Насыпщ, гурэ псэкIэ къыбдэхъу ныбжьэгъу уиIэмэ.

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

## Мы махуэхэм

### ФокIадэм и 25, *щэбэт*

✦**Фармацевтым и дунейпсо махуэщ**
✦**Ставрополь щIыналъэм и махуэщ**
✦**1632 гъэм** Якутск къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
✦**1763 гъэм** Екатеринэ ЕтIуанэм и унафэкIэ Москва къыщызэIуахащ Урысейм щыяпэ сымаджэщыр. Абы пащтыхь гуащэм и къуэ Павел и цIэр фIащауэ щытащ.
✦**1818 гъэм** инджылыз дохутыр Бланделл Джеймс дунейм щыяпэу зы цIыхум и лъыр адрейм хигъэлъэдауэ щытащ.
✦**1934 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхоз-совхоз IуэхущIапIэхэм я япэ спартакиадэр.
✦**1941 гъэм** ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ ищIащ уIэгъэ хъуа зауэлIхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ комитет къызэрагъэпэщыну.
✦**1943 гъэм** Дзэ Плъыжьым Смоленск къалэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIигъэкIыжащ.
✦**1991 гъэм** ДОСААФ зэгухьэныгъэм и цIэр РОСТО жиIэу зэрахъуэкIащ.
✦Совет композитор, пианист щэджащэ, егъэджакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Шостакович Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.
✦АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ **Еутых Аскэр** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.
✦Пшынауэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щIыхь зиIэ я артист **ПщыхьэщIэ Мухьэжыр** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
✦Адыгэ тхакIуэ **Щэмырзэ Iэмырбий** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

### ФокIадэм и 26, *тхьэмахуэ*

✦**Ядернэ Iэщэр гъэкIуэдыжыпэным щIэбэныным и дунейпсо махуэщ**
✦**Дэгухэм я дунейпсо махуэщ**
✦**НэгъуэщI къэралыбзэхэм я европэпсо махуэщ**
✦**Урысейм, Белоруссием, Къэзахъстаным, Къыргъызстаным щагъэлъапIэ машинэ зыщIым и махуэр**
✦**КъуэкIыпIэ Жыжьэм щагъэлъапIэ Къаплъэным и махуэр**
✦**1556 гъэм** Темрюк къалэр ухуэн щIадзащ.
✦**1793 гъэм** Краснодар къалэм (Бжьэдыгъукъалэ) и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
✦**1941 гъэм** Налшык щекIуэкIащ республикэм и парт активым и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ цIыхухэр зауэ Iуэхухэм хуегъэджэным.
✦**1962 гъэм** Йемен Хьэрып Республикэр къэунэхуащ.
✦**1995 гъэм** Украинэр Европэм и Советым хагъэхьащ.
✦Урыс еджагъэшхуэ-физиолог, Нобель и саугъэтым и лауреат **Павлов Иван** къызэралъхурэ илъэси 172-рэ ирокъу.
✦Актёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Басилашвили Олег** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.
✦УсакIуэ, публицист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Джэрыджэ Арсен** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

### ФокIадэм и 27, *блыщхьэ*

✦**Туризмэм и дунейпсо махуэщ**
✦**ГъэсакIуэхэмрэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щапI IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ я махуэщ.** Ар трагъэхуащ Урысейм япэ сабий садым лэжьэн щыщIидза махуэм - 1863 гъэм фокIадэм и 27-м Санкт-Петербург къыщызэIуахащ апхуэдэ IуэхущIапIэ.
✦**Саха Республикэм (Якутием) и къэрал суверенитетым и махуэщ.** 1990 гъэм Якутие АССР-м и щхьэхуитыныгъэм теухуа дэфтэрыр къащтащ.
✦**1783 гъэм** тенджыз ФIыцIэм техьащ Урысей флотым и япэ кхъухьыр - «Екатеринэ и щIыхьыр» зыфIащар.
✦**1940 гъэм** Германием, Италием, Японием я дзэхэм я зэгурыIуэныгъэм «Берлин пактым» Iэ традзащ.
✦**1942 гъэм** ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ къищтащ республикэм зыхъумэжыныгъэмкIэ гупхэр къыщызэгъэпэщын хуейуэ.
✦**1960 гъэм** Останкинэ телечэщанэр - Европэм щынэхъ лъагэ дыдэр - ухуэн щIадзащ.
✦**1990 гъэм** Совет Союзыр Интерполым - уголовнэ полицэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм - хыхьащ.
✦**1991 гъэм** Москва щекIуэкIащ ВЛКСМ-м и зимычэзу XXII съездыр. Зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэщым абы къалэн щащIауэ щытахэр игъэзэщIауэ къалъытэри, а зэхуэсым унафэ къыщащтащ комсомолыр щымыгъэIэжыным теухуауэ.
✦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, литературэдж, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэщхъуэжь Раисэ** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
✦Кипрым и президент **Анастасиадис Никос** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
✦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэбий Анзор** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.
✦Модельер, адыгэ фащэхэр дыным хуэIэкIуэлъакIуэ, химие щIэныгъэхэм я кандидат **ХьэцIыкIу Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.
✦Къаплъэнхэр зыгъасэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Запашный Аскольд** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ДЖАТОКЪУЭ Марьянэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Мэзрэ мазэхэрэ уи щэху щумыIуатэ.**

ДифI догъэлъапIэ • Футбол

# Лъэпкъ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа



**Ди республикэм и мызакъуэу, къэралми я мэкъумэш щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, абы и къэкIуэнум псэ хьэлэлкIэ хуэлажьэ лъэпкъ IэщIагъэлI пажэхэм, цIэрыIуэхэм ящыщщ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и егъэджакIуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор Джыназ Борис Музэчыр и къуэр. ЗэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ а лэжьакIуэ емызэшыр мэкъумэш IэнатIэм зэрыхэтрэ илъэс 60-м нэсащи, иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм пщIэ инрэ гулъытэ лъагэрэ щагъуэт щIэныгъэ дунейм. УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и арэзыныгъэ хэлъу, абыхэм ящыщ куэд ди щIыналъэм и мэкъумэш IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лэжьыгъэм и лъабжьэу къащтащ. ЗыIэригъэхьа апхуэдэ ехъулIэныгъэ лъагэхэм щIэныгъэлIым къыхуахьащ щIыхь инрэ пщIэшхуэрэ.**

ДЖЫНАЗ Борис Аруан районым хыхьэ Джэрмэншык къуажэм 1941 гъэм и фокIадэ мазэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Музэчыр Хэку зауэшхуэм хэтащ, лIыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу. Зауэр иуха нэужь, жылэм щызэхэт колхозым и тхьэмадэу куэдрэ лэжьащ, бийм зэхикъута хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным къарурэ зэфIэкIыу иIэр ирихьэлIэу. Апхуэдэ нэхъыжьыфI зэрыс унагъуэщ къыщыхъуар Борис. Зи сабиигъуэр зауэмрэ абы къыкIэлъыкIуа илъэс хьэлъэхэмрэ хуэза щIалэр къэхъуащ а лъэхъэнэм щызрихьэлIа гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ къызэфIэмыгъащIэу, атIэ гъащIэр фIэхьэлэмэту, дунейр и щIэщыгъуэу. Жылэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, дэзыхьэх мэкъумэш IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ КъБКъУ-м щызригъэгъуэтащ. АбыкIи къэувыIакъым Борис. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэм мурад ищIащ и IэщIагъэмкIэ иIэ зэфIэкIхэм нэхъри хигъэхъуэну икIи 1969 гъэм щIэтIысхьащ аспирантурэм. Кандидат диссертацэр гъэхьэзырыным епха къэхутэныгъэхэр Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и биологие факультетым и лабораторэхэм щригъэкIуэкIащ Джыназым икIи а псори къыщызэщIикъуэжащ 1972 гъэм ирихьэлIэу игъэхьэзыра щIэныгъэ лэжьыгъэм. Диссертацэр ехъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIа нэужь, зэфIэкIышхуэ бгъэдэлъу гу зылъата щIэныгъэлI ныбжьыщIэр ирагъэблэгъащ КъБКъУ-м агрономиемкIэ и кафедрэм, япэщIыкIэ ассистенту, иужькIэ егъэджакIуэ нэхъыжьу. Къэбэрдей-Балъкъэр агромелиоративнэ институтыр къызэIуаха нэужь, Джыназыр абы уващ щIым елэжьыныкIэ кафедрэм и доценту.

Институтым щекIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр къегъэщIэрэщIэжыным, абы щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр, студентхэр жыджэру къыхэшэным епха Iуэхугъуэшхуэхэр зэфIигъэкIыныр и мурад нэхъыщхьэхэм ящыщу IэнатIэм пэрыхьащ Джыназыр. Тимирязевым и цIэр зэрихьэу Москва дэт мэкъумэш академием и унафэщIхэм, щылажьэ щIэныгъэлIхэм запищIэри, абы нэхъри иригъэфIэкIуащ еджапIэ нэхъыщхьэм щекIуэкI къэхутэныгъэхэр. Абы и фIыгъэкIэ студентхэр, аспирантхэр, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр нэхъыбэу ирагъэблагъэ хъуат къэралпсо, дунейпсо зэхуэсхэм, я Iуэху еплъыкIэхэр абыхэм я утыкушхуэхэм щаIуатэу, проектыщIэхэр щагъэлъагъуэу. «Биологический азот» щIэныгъэ унэтIыныгъэм елэжь IэщIагъэлI гупым я пашэу щыту, Джыназ Борис къэхутэныгъэ купщIафIэхэр зэфIихащ. Абы зэхигъэувауэ щытащ мэкъумэш IэнатIэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а унэтIыныгъэр джыным хуэщIа программэ щхьэхуэрэ къэхутэныгъэхэр къызыхуэтыншэу зэрегъэкIуэкIыпхъэхэр зи лъабжьэ планрэ.

А дэфтэрхэр и тегъэщIапIэу, Джыназым илъэс 15-м нэскIэ къэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм. А лъэхъэнэм ирохьэлIэ а IэщIагъэлI щыпкъэм и къалэмыпэм къыпыкIауэ щыта зэреджэ тхылъхэм, методикэ чэнджэщхэр зэрыт къыдэкIыгъуэхэм, щIэныгъэ статьяхэм ящыщ куэд. Зи бжыгъэкIэ 150-м щIигъу а тхыгъэ купщIафIэхэр къытрадзауэ щытащ ди республикэм, къэралым къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм. Апхуэдэу лэжьыгъэшхуэ ирихьэлIэу игъэхьэзыра доктор диссертацэр Джыназым ехъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ. ЩIэныгъэ дунейм пщIэшхуэ щызыгъуэта а лэжьыгъэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм ящыщ куэд ди республикэм и бгылъэ, тафэ щыпIэхэм щызэхэт хозяйствэхэм щызэрахьэ Iуэху зехьэкIэ мардэхэм хагъэхьауэ щытащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм я кIэухым.

Джыназ Борис и зэфIэкIымрэ бгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ къахьа а къэхутэныгъэм нобэ щIэупщIэ яIэщ. Профессор цIэрыIуэм «Биологический азот» щIэныгъэ унэтIыныгъэмкIэ мызэмытIэу доклад купщIафIэхэр щещI щIэх-щIэхыурэ зрагъэблагъэ щIэныгъэ зэхыхьэхэм, дунейпсо конференцхэм, симпозиумхэм. А Iуэхугъуэр адэкIи джыным егъэджакIуэ Iэзэм хуиунэтIащ и студентхэмрэ аспирантхэмрэ ящыщ куэд. Абы къызэригъэпэщауэ щыта «Биологический азот», «Технолог» гупхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм жыджэру хэтт зи щIалэгъуэ куэд. Джыназыр я щIэныгъэ унафэщIу диплом лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу ягъэзэщIащ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкIащ студентищэхэм. КъинэмыщIауэ, Борис и нэIэм щIэту ягъэхьэзыращ икIи хуэзынэу пхагъэкIащ кандидат диссертацэу 20-м нэс, доктор диссертацэуи зыбжанэ.

Сыт щыгъуи хуэдэу, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэми нобэ жыджэру хэтщ Борис. Зи къэхутэныгъэ купщIафIэхэр ди щIыпIэми нэгъуэщI щIыналъэхэм щэщIауэ къыщагъэсэбэп щIэныгъэлIыр еш имыщIэу йолэжь мэкъумэш IэнатIэм ди республикэм нэхъри зыщегъэужьыжыным, щIалэгъуалэр абы дегъэхьэхыным. Джыназыр щIэнэ имыIэу ядолажьэ щIэныгъэм къыхыхьагъащIэхэм. Япэми хуэдэу, абы и унафэм щIэту ягъэхьэзыр щIэныгъэ диссертацэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Университетым «Мэкъумэш продукцэр къэгъэкIынымрэ гъавэм зэрелэжьыпхъэмрэ» и кафедрэм илъэс 20-м нэскIэ и унафэщIу щытащ Джыназ Борис. А зэманым къриубыдэу абы фIы и лъэныкъуэкIэ зригъэхъуэжащ зи пашэ IэнатIэм. Студентхэр егъэджэнымрэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм зегъэужьынымрэ гулъытэшхуэ хуэзыщI Джыназым и фIыгъэ куэд хэлъщ еджапIэ нэхъыщхьэм квалификацэ лъагэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр зэрыщагъэхьэзырым. НэхъыжьыфIым и чэнджэщхэм нобэ щIодэIу университетым и унафэщIхэр.

ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэ-къэхутэныгъэхэмрэ къащыдэхуэ зэманым Борис студентхэм ядригъэкIуэкI хабзэщ гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр. Зи къэралыр, щалъхуа щIыналъэр фIыуэ зылъагъу хэкупсэм фIэфIщ иригъаджэхэр Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм зэрахьэ хабзэхэм, я щэнхабзэхэм яхутепсэлъыхьын. Абы щIалэгъуалэр егъасэ гуащIэдэкI лэжьыгъэм щымышынэу щытыным, щIэныгъэ нэс, куу зрагъэгъуэтыними къыхуреджэ. Гумызагъэу, жэуаплыныгъэр зыхищIэу зи къалэнхэр езыхьэкI егъэджакIуэ нэсыр щапхъэфI яхуохъу университетым и адрей IэщIагъэлIхэми абы щеджэ щIалэгъуалэми.

Бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэм папщIэ Джыназ Борис къыфIащащ «Урысей Федерацэм цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэ лъапIэхэр. Мэкъумэш егъэджэныгъэмкIэ дунейпсо академием и академикщ ар. Лъэпкъ щIэныгъэлI пажэм мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ къэрал IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, дамыгъэхэр. Зи псалъэмрэ зи IуэхущIафэхэмрэ тебгъуэтэж нэхъыжьыфIым апхуэдэу пщIэшхуэ къыхуащI къыдэлажьэхэми иригъаджэ студентхэми.

Зи илъэс 80 юбилейр мы махуэхэм зыгъэлъапIэ Джыназ Борис Музэчыр и къуэм, нэхъыжьыфIым, лъэпкъ щIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ лэжьыгъэ купщIафIэ куэд зи къалэмыпэм къыпыкIа къэхутакIуэм, егъэджакIуэ щыпкъэм, дохъуэхъу узыншэу куэдрэ псэуну, зыпэрыт IэнатIэм ехъулIэныгъэщIэхэр щызыIэригъэхьэну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

---

# ЗымащIэщ бжьыпэм хуэчэмыжыр

**Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм футболымкIэ я чемпионатым (УФ-м и ещанэ дивизионым) щиIыгъ пашэныгъэр щIигъэбыдащ Прохладнэ и «Энергетик»-м. И унэ щыIэу абы хигъэщIащ турнир таблицэм къыщыкIэлъыкIуэ Назрань и «Ангушт»-р.**

ГЪЭ джэгугъуэм и зэIущIэ нэхъыщхьэу къалъытэр фокIадэм и 22-м Прохладнэ щызэхэтащ. Лъэхъэнэм зэрыщIидзэрэ зи хьэрхуэрэгъухэм топ нэхъыбэ дыдэ язэдзыгъэкIа «Энергетик»-мрэ нэхъ мащIэ дыдэ зыхудагъэкIа «Ангушт»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр хуабжьу удэзыхьэхт. Лъэныкъуэхэм абы жыджэру къыщыщIидзащ. Ди щIалэхэм очкоитIкIэ къакIэрыху хьэщIэхэм Iэмал имыIэу текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэн хуейт пашэныгъэм адэкIэ щIэбэныфын папщIэ. Прохладнэдэсхэр арэзынут зы очкомкIи.

ЕпщIанэ дакъикъэр екIуэкIыу ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэм хэту хабзэм къемызэгъыу ираудащ Апажэр. Штрафнойр Iэзэу игъэзэщIащ «Спартак-Налшыкым» нэхъапэм щыджэгуу щытауэ иджы прохладнэдэсхэм яхэт Джатэрывэ Къазбэч. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зымащIэкIэ ар гъуэм хуэзакъым.

Зы ебгъэрыкIуэныгъэм адрейр къыкIэлъызыгъакIуэ «Энергетик»-м пагъэувыбын хьэщIэхэм къахуэгъуэтыртэкъым. ДжэгупIэ губгъуэм и кум зэзэмызэ фIэкIа къыфIамыгъэкI «Ангушт»-м и къалэн нэхъыщхьэр зыхъумэжыныгъэрт. Тепщэныгъэр зыубыда хэгъэрейхэри мыхьэнэшхуэ зиIэ зэIущIэм я къару псори трагъэкIуэдэну зытраухуа хуэдэт.

Прохладнэ и командэм и ебгъэрыкIуэныгъэ псынщIэхэм ящыщ зым хьэщIэхэм я гуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIауэ гъуэм хуэкIуэ Урыс Аслъэн штрафнойм хабзэм къемызэгъыу щраудащ. Къыхэдгъэщынщи, гъэ джэгугъуэр зэрыщIидзэрэ ар Аслъэн къилэжьа еханэ пенальтищ. Абы и фIыгъэкIэ ди щIалэхэм бжыгъэр къызэIуахащ.

Япэ ища нэужь «Энергетик»-м и джэгукIэр иужькIэ нэхъ кIащхъэ хъуащ. Апхуэдэ Iэмалыр, дауи, «Ангушт»-м зыIэщIигъэкIакъым икIи и ебгъэрыкIуэныгъэхэр щIигъэхуэбжьащ. 26-нэ дакъикъэр екIуэкIыу абыхэм ящыщ зым бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжыным зымащIэщ иIэжар. Ди гъуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIа Назрань и футболистыр гъуэм хуэзэнщIэ хъури, топым еуащ, арщхьэкIэ а махуэм гъуащхьэтет къалэныр къызыхуагъэфэща Федоренкэ Александр абы къригъэзэщ.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм и кIэух дакъикъэм «Ангушт»-м и зи чэзу ебгъэрыкIуэныгъэм ехъулIэныгъэ къыхуихащ. Гупым и гъуащхьауэ нэхъыфI Алиев Бэчхъан прохладнэдэсхэм я гъуащхьэхъумищым (!) зэкIэлъхьэужьу къапекIуэкIри, гъуащхьэтетым пэжыхьэ плIанэпэмкIэ топым еуащ - 1:1.

ЗагъэпсэхуIу къихьэжа нэужь зэпэщIэтыныгъэр нэхъ гуащIэж хъуащ. ЕбгъэрыкIуэныгъэ зырызкIэ псынщIэу зэхуэжа командэхэм ядэплъагъурт щысхь ямыIэу зэрызэпэщIэтыр, уеблэмэ хабзэр къыщызэпауди къыхэкIыу.

Апхуэдэу хэгъэрейхэм я къыкIэлъыкIуэ ебгъэрыкIуэныгъэм хэту аргуэру Урысыр ираудащ. «Энергетик»-р абыкIэ япэ ищыжыным зымащIэщ иIэжар. Гъуащхьэхъумэм къригъэгъэза топыр и пащхьэ дыдэм къыщехуэхыжащ. Ди щIалэхэр абы япэу нэмысакъым.

Тхьэмахуэ ипэкIэ Дон Iус Ростов и «Нахичевань»-м къыхигъэщIа прохладнэдэсхэм адэкIэ къикIуэт яIэтэкъым - дэтхэнэ зы очкори дыщэ пэлъытэт. Къыхэдгъэщынщи, иджырей зэIущIэм ирихьэлIэу «Энергетик»-р гъэ джэгугъуэм къызэрыщыхагъэщIар 3 къудейт. Абыхэм ящыщу зэIущIитIыми ростоводэсхэм къатекIуат, Назрань щыIэу «Ангушт»-р къефIэкIат.

Мы зэпэщIэтыныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр хэкъыу зыпхыкIа Прохладнэ и гупым зызэщIакъуэри ипэкIэ кIуэтащ. ЕбгъэрыкIуэныгъэ зыбжанэм иужькIэ сытми я гугъуехьыр псыхэкIуадэ хъуакъым. Джатэрывэм къыхита топыр Тарановым Iэрыхьащ, адэкIэ ебгъэрыкIуэныгъэм къыпызыда Махуэм и топыр IэкIэ гъуащхьэхъумэхэм ящыщ зым къигъэувыIащ - штрафной. Судьям и унафэм арэзы къызэримыщIар жыджэру къэзыгъэлъэгъуа гъуащхьауэ нэхъыфIхэм ящыщ Алиевыр джэгум къыхахуащ.

Штрафнойр игъэзэщIэну бгъэдыхьа, премьер-лигэм и командэхэм нэхъапэм щыджэгуа, Таранов Иван и Iэзагъэр къигъэлъэгъуащ. ХьэщIэхэм къагъэува блыным, зыри щымыгугъауэ, абы топыр лъапэкIэ щхьэпридзри, гъуэм дигъэкIащ - 2:1. Ар текIуэныгъэт!

Гъэ джэгугъуэр иухыным джэгугъуитI фIэкIа къэмынэжауэ турнир таблицэм къыщыкIэлъыкIуэ «Ангушт»-м очкоитхукIэ япэ ища «Энергетик»-м япэ увыпIэм зыщигъэбыдэпауэ жыпIэ хъунущ. Бжьыпэр Iэрыхьэн папщIэ ар зымащIэ дыдэщ зыхуеижыр.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

**_Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм футболымкIэ и чемпионатым (УФ-м и ещанэ дивизионым) зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр_**

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Энергетик»** | **16** | **13** | **0** | **3** | **45-16** | **39** |
| 2. | «Ангушт» | 16 | 11 | 1 | 4 | 36-14 | 34 |
| 3. | «Динамо-Дагестан» | 16 | 9 | 2 | 5 | 28-24 | 29 |
| 4. | «Нахичевань» | 16 | 7 | 5 | 4 | 29-24 | 26 |
| 5. | «Волгарь-М» | 15 | 7 | 4 | 4 | 21-18 | 25 |
| 6. | «Уралан» | 15 | 4 | 6 | 5 | 22-19 | 18 |
| 7. | «Дербент» | 16 | 5 | 2 | 9 | 18-33 | 17 |
| 8. | «УОР Дагестан» | 15 | 3 | 4 | 8 | 10-21 | 13 |
| 9. | «Динамо-М» | 14 | 2 | 5 | 7 | 22-29 | 11 |
| 10. | **«Волгарь-Ю»** | **15** | **1** | **1** | **13** | **13-46** | **4** |

КЪЭНЭМЭТ Мурат:

# Сымаджэм дзыхь зыхуебгъэщІыным мыхьэнэшхуэ иІэщ

*Медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Диагностикэ центрым эндоскопиемкІэ и къудамэм и унафэщІ, хирург-колопроктолог, дохутыр-эндоскопист Къэнэмэт Мурат Хьэмидбий и къуэр ящыщщ «дохутыр ІэщІагъэм къыхуигъэщІащ» зыхужаІэхэм. Зыпэрыт Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Къэнэмэтым и щытхъу псалъэ куэд къоkІуэкІ. Иджыблагъэ дохутырым дызэрепсэлъылІам гурыІуэгъуэ тщищІащ абы и цІэр фІыкІэ щІыжаІэри республикэм и ІэщІагъэлІ нэхъыфІхэм ящыщу ар къыщІалъытэри. «Мыбы хуэдэ дохутырхэр нэхъыбэу диІатэмэ, цІыхухэм медицинэм хуаІэ еплъыкІэр куэдкІэ нэхъыфІынут», - жысІэу сригъэгупсысащ ди зэпсэлъэныгъэм.*

*Налшык дэт курыт школ №5-р къиухри, Мурат щІэтІысхьащ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм. АдэкІи и щІэныгъэм пищэну мурад ищІри, Москва дэт КолопроктологиемкІэ къэрал щІэныгъэ центрым и ординатурэмрэ аспирантурэмрэ щеджащ.*



- Дохутыр ІэщІагъэр къыхэсхыну сытезыгъэгушхуар си анэращ. Абы и чэзум къысхилъагъукІащ апхуэдэ зэфІэкІ зэрызбгъэдэлъыр, - жеІэ Къэнэмэт Мурат. - Сабий Іэсэу, Іэдэбу, жыІэдаІуэу, псэ зыІут дэтхэнэми лей къытехьамэ, ар си гум ежалІэу, сфІэгуэныхь хъууэ сызэрыщытым къыхэкІыу ІэщІагъэм сыхэзэгъэну къилъытагъэнщ. Езыри хуеят дохутыр хъуну, ауэ хузэфІэкІатэкъым ар зригъэхъулІэн. Апхуэдэ щІыкІэкІэ и хъуэпсапІэр си деж нахуапІэ щыхъуащ. 11-нэ классым сыщІэсу «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» санитару лэжьэн щыщІэздзащ, университетым сыщІэтІысхьа нэужь фельдшеру абы сыщыІащ. Апхуэдэурэ ІэщІагъэр сигу къыдыхьащ, сыдихьэхащ. Сызыдэлэжьа нэхъыжьыфІхэм куэдым сыхуагъэсащ, сыхуаущиящ. Абыхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэри щапхъэ схуэхъури, нэхъыбэ къызэрысщІэным сыхущІэкъуу Іуэхум тегушхуауэ иужь сихьащ. Лэжьыгъэ хьэлъэщ абы щепхьэкІыр, гур хэзыгъэщІ Іуэхугъуэщ нэхъыбэу щыплъагъур. Абы къыхэкІыу дэтхэнэри щылэжьэфынукъым, ауэ цІыхум и хьэл-щэныр лъэщу епсыхь. Ординатурэм сыщыщІэсами, зы илъэскІэ сыщыІащ «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм». Абы щыгъуэм дохутыру сылажьэрт, ар куэдкІэ нэхъ гугъужт, къалэнышхуи жэуаплыныгъэшхуи пхьырти, еджэнри ари схузэдэмыхьу къэзгъэнэжауэ щытащ.

**- Уэ укъызытеувыІа ІэщІагъэр дауэ къыхэпхат?**

- Сыдэзыхьэхыр хирургиерат, гум епха узыфэхэм нэхъ тегъэщІауэ. Ауэ сызэрыхуей дыдэу хъуакъым. А зэманым республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министру щыта Къардэн Ахьмэд си Іуэхур щесхьэлІэм къызжиІащ: «Абы фІы дыдэу ухуеджэми, ди щІыналъэм щІэх кардиохирургием зыщедгъэужьыфынукъыми, Іэнатlэ уиІэнукъым. ПроктологиемкІэ ординатурэм ущІэтІысхьэфыну Іэмал хъарзынэ щыІэщ». Ари хирургием епхати, сытегушхуащ.

**- Проктологием сыт хуэдэ узыфэхэра къызэщІиубыдэр?**

- КІэтІий гъумымрэ щІыбикІыпІэмрэ епха узыфэхэр псори хохьэ абы. А узхэр зищІыс дыдэр тэмэму къэпщІэн щхьэкІэ кІуэцІым щекІуэкІыр къэхутэн хуейщ. Илъэс зыбжанэ ипэкІэ апхуэдэ ІэщІагъэлІхэр, эндоскопие Іэмалхэр къэзыгъэсэбэпу лажьэхэр, республикэм щызэпэубыдат. Абы къыхэкІкІэ ЕсэнтІыгу, Железноводск къалэхэм сымаджэхэр згъакІуэрт. Арати, мурад сщІыри, эндоскопием сыхуеджэжащ. КІэтІийм илажьэр къэсхутэу щезгъажьэм, нэгъуэщІ узыфэхэми гу лъыстэу щІэздзащ. Къапщтэмэ, лъатэмрэ кІэтІиймрэ зэпхыжащ. Иужьрейм къыщекІуэкІым тещІыхьауэ, лъатэми ныкъусаныгъэ гуэр зэрыщыІэр къызощІэ. Бгъэхъужыныр зищІысыр щыпщІэм деж, узыр хэмытІэсамэ, абы и Іэзэгъуэр тыншу къыбогъуэт. Терапевтым и Іуэхур гугъущ. Абы сымаджэм къыжриІэмкІэ узыр къихутэн хуейщ. Псалъэм папщІэ, щІыб сикІкъым жыпІэмэ, хущхъуэ пхуетхри зэфІокІ. Ар къызыхэкІыр-щэ? КІэтІий узыфэхэм ящыщ гуэрым и къежьапІэу щытынкІэ мэхъу. ЩІыб имыкІыфыным егъэлеяуэ узыфэ куэд къыдохъей. КІэтІийр тэмэму зэрымылажьэм узыщІигъэгупсысыжын хуейщ. Къапщтэмэ, абы къэбэга иІэ хъуамэ, ар зытетым деж зыри блэкІыфкъыми, зиунэщІын щхьэкІэ земыкІуэфу куда мэхъу. Мис ар и чэзум къэпхутэмэ, апхуэдэм деж ар хугу хьэдзэ цІыкІу хуэдиз хъууэ аращи, тыншу тыдох икІи иужькІи укъигъэгузэвэжынукъым.

**- Лъатэм, кІэтІийм епха узыфэхэр сыт нэхъыбэу къызыхэкІыр?**

- Псом япэрауэ, шхын «узыншэр», «къабзэр» фІыуэ нэхъ мащІэ зэрыхъуаращ. Япэхэм щыІакъым мыпхуэдиз узыфэ Іейрэ шынагъуэрэ. ЦІыхум и гуащІэ хилъхьэу щІым елэжьу, абы къытрихар и шхыныгъуэ нэхъыщхьэу къыщекІуэкІам куэдкІэ нэхъ узыншэхэт. А зэманым халъхуауэ нобэм къэсахэм нэхъ куцІ яІэщ, абыхэм а уз Іейхэр зиІэ куэд яхэткъым. 90 гъэхэм къэралым щекІуэкІа зэхъуэкІыныгъэхэр къежьапІэ яхуэхъуащ ерыскъы мыхьэнэншэхэм, химие пкъыгъуэхэр, ГМО-р зыхэлъ шхыныгъуэхэр куэд хъуащ. Иджы ар дыпшыныжу аращ. Ноби ди шхэкІэр нэхъыфІкъым, хъун-мыхъун, дэзэгъын-дэмызэгъынкІэ зыри зэхэдгъэкІыркъым, гува-щІэхами, абы зыгуэр къимыгъэхъеинкІэ Іэмал иІэкъым.

**- Сыт хуэдэ ныбжьым хуэзэрэ узыфэхэр къэхъеиныр?**

- ЦІыхур илъэс 40-м нэсамэ, ущІалэу зыкъыпщыхъужми, ІэпкълъэпкъымзэхъуэкІыныгъэ къыщыхъун щІедзэ. Пхъашэ Іуэу жытІауэ хъуми, абдеж жьыгъэм уи гупэр хубогъазэ. А ныбжьым нэса дэтхэнэми и узыншагъэр нэгъэсауэ къипщытэн хуейщ, псом хуэмыдэу уи кІуэцІым и щытыкІэр зэбгъэщІапхъэщ. АдэкІэ пІалъэкІэрэ узыкІэлъыплъыжурэ епхьэкІынущ. Къапщтэмэ, лыших узыфэхэм я гугъу пщІымэ, ищхьэкІэ зэрыщыжысІащи, къэбэгар хугу хьэдзэ цІыкІу хуэдизу къожьэ, ар илъэс зытхухкІэ зэрыхъун мэхъу. АпщІондэхукІи абы тыншу зыкъыуигъащІэркъым. Лъы къыбдэхыу, щІыб уимыкІыфу, укъэпщу, узыр зыхэпщІэу хъуамэ, ар и нэм нэсауэ аращ. Мис абы зыщыхъумэн хуейщ. Илъэс 40-м деж зэ къебгъэпщытэрэ, кІэтІийм теухуауэ зыри лажьэ уимыІэмэ, илъэситхум зэ зэбгъэплъмэ, нэхъыби ухуейкъым. Ауэ зыгуэр гурыщхъуэ ящІамэ, къэбэгам еІусэ хъухункІэ кІэлъыгъэплъыпхъэщ. Узыфэ Іейхэм хуэдэ лъэпкъым щыщ гуэрхэм яІамэ, зи гугъу тщІа илъэс бжыгъэм унэмысуи, уи узыншагъэр къебгъэпщытэн хуейщ.

**- Мурат, а узыфэхэм дауэ зэрызащыпхъумэнур?**

- Ахэр къызыхэкІыр кІэтІийр зэрыткудэращи, тшхыр зыхуэдэм ткІийуэ дыкІэлъыплъыпхъэщ. Лыр зэрыхъукІэ гъэмэщІэн хуейщ, цІыхур белок хуэныкъуэщи, ар уи ерыскъыгъуэм хэбгъэкІыпэ хъунукъым. Псом нэхърэ нэхъ сэбэпынагъ зиІэр бдзэжьейращ, абы къыкІэлъокІуэ джэдылыр. Былымылыр нэхъ хьэлъэщ. Зы лы Іыхьэ пшхымэ, къару къыпхелъхьэж, ауэ ар лъатэм щигъэткІукІэ гуащІэ нэхъыбэ пщІехыж. Адыгэхэм я шхэнми хабзэшхуэ пылът. Псалъэм папщІэ, нартыхумрэ хумрэ къыхэщІыкІа шхыныгъуэхэр сытым дежи я Іэнэм телъащ. Зэдэшхыпхъэр ящІэрт. Къапщтэмэ, лым сытым дежи пІастэ гъусэ хуащІырт. Нартыхури хури адсорбентщ. Абы кІэтІийр игъэкъабзэрт, ар куда хъуртэкъыми, цІыхухэр нэхъ узыншэт.

Зи лъатэм цІынагъэ иІэ сымаджэхэр иужьрей зэманым нэхъ мащІэ хъуащ. Ар лъатэм иращІэ «хеликобактер» бактерием къыхэкІырт. Нобэрей ди ерыскъыгъуэм антибиотик куэду хэлъщи, ар а бактерием и щхъухьщ. Абдеж сэбэп щыхъуми, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ къыщытхурокъуж, узыфэ куэд къегъэхъей, къапщтэмэ, ар къыхэбэгыкІхэм лъабжьэ езыгъэщІщ.

Псы литритІ махуэм уефэмэ, пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкІ фІыуэ пшхымэ, куэдрэ узекІуэмэ, кІэтІийр лэжьэнущ.

**- ІэпкълъэпкъымтрищІэ полипым лыших узыфэхэр къыхокІ. КІэтІийм полип зэриІэр дауэ къызэрыпщІэнур?**

- Къоузу щыткъыми, и нэм нэмысауэ къапщІэркъым. ЦІыхур гугъу ехьу щІыб икІмэ, абы щыгъуэми лъы, цІанлъагъэ къакІуэмэ, къыдэхыр и фэкІэ фІыцІэмэ, и ныбэр къэпщауэ щытмэ, Іэмал имыІэу дохутыр зригъэплъын хуейщ. Лъыр къабзэмэ, шынагъуэшхуэ щыІэкъым. Ар геморройуэ щытынкІэ мэхъу. Апхуэдэхэм деж кІэтІийм сыщеплъкІэ полип цІыкІухэр къызогъуэт. Ахэр занщІэу тыдохри, лыших узыфэр иІэнукъым. ХэмытІэсамэ, адрей органхэм зримытыжамэ, уполъэщ, пхуэгъэхъужынущ. ЩІэныгъэр фІыуэ ипэкІэ кІуэтащ, зыужьыныгъэфІхэр игъуэтащ медицинэм. Дэтхэнэми и узыншагъэр зыхуэдэнур езым елъытыжащ. Іуэхур ем щхьэ нэбгъэсын хуей? Узыфэ Іейр гъэхъужыгъуафІэкъым, зы илъэскІи илъэситІкІи узыншагъэр пхуэзэтегъэувэжынукъым. Сыт илъэс зыбжанэкІэ гъащІэм зыкъыщІыхэбгъэхунур?!

**- Мурат, узиунафэщІ къудамэм и лэжьыгъэр дауэ зэтеубла?**

- Дызыхуей псори дымыгъуэтми, дызыхуэныкъуэ куэди щыІэкъым. Илъэс 20 ипэкІэрэ нобэрей ди щытыкІэмрэ зэбгъапщэмэ, хъарзынэу дефІэкІуащ. Къыщытхуихуа къэхъуащ сымаджэм хущхъуэ къыщедгъэщэхужи. Ди зыужьыныгъэр зыдэлъагъупхъэр центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Тет Хьэсэнбийщ. Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м реанимацэмкІэ и къудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ щытауэ центрым къагъэкІуащ. НэхъапэкІэ мы ІуэхущІапІэм езыри щылэжьауэ, зыхуэныкъуэзыхущыщІэр ищІэрти, дохутырхэми сымаджэхэми я Іуэхур нэхъ тынш ищІащ. Псалъэм папщІэ, сэ ІэнатІэм сыщыпэрыувам, узыр къызэрысхутэн Іэмэпсымэ сиІэтэкъым. Си ныбжьэгъухэм аппарат тІорысэ гуэр къысхуащэхури, апхуэдэу щІэздзащ. ИужькІэ, си лэжьыгъэр зэрекІуэкІым, сызэрыпэлъэщым гу къылъатэри, республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм, иджырей техникэу щымытми, цІыхум и кІуэцІым къыщекІуэкІыр къэзэрысхутэфын Іэмэпсымэ къысхуащэхуащ.

**- ІэнатІэм узэрыпэрыт илъэс бжыгъэхэр щІэпплъыкІыжмэ, гукъэкІыж гуэрхэр зэппха Іуэхугъуэ щхьэхуэхэмкІэ укъыддэгуэшэфыну?**

- Зи щхьэр къызэзыхьэлІэ сымаджэхэм яхузиІэ бгъэдыхьэкІэр зэхуэдэщ, ахэр зэрызэхэзгъэкІыр я узыфэмкІэщ. ГъэщІэгъуэну сигу къэзгъэкІыжыну си лэжьыгъэм хэлъыр мащІэщ, нэхъыбэр гур зыгъэузщ. СыдэІэпыкъуфамэ, си къалэныр схуэгъэзэщІауэ арации, абы гухэхъуэ къызет. Сэбэп сыхуэмыхъуфамэ, узыр нэхъ лъэщу къыщІэкІыу си Іэзэгъуэри сымаджэм и гуащІэри щыпэмылъэщыжам деж, егъэлеяуэ гущІыхьэ сщохъу. Си гуапэ зэрыхъущи, зи узыншагъэр зэтезгъэувэжахэр куэдкІэ нэхъыбэщ. Махуэ къэс зыгуэр къызбгъэдохьэ, сызэрыдэІэпыкъуауэ щытамкІэ фІыщІэ къысхуищІу. КъысхуэмыцІыхужхэми, дэтхэнэр уигу къинэн, согуфІэ апхуэдэу гуапэу зыкъыщысхуагъазэкІэ. Центрым сызэрыщылажьэ зэманым къриубыдэу цІыхуитІ-щым сыдэІэпыкъуфакъым. Си къуаншагъэ хэлъауэ къэслъытэркъым, ауэ, уи къару псори епхьэлІауэ, сымаджэр узым къыщыпхуІэщІэмыхам деж, хагъуэм хуэдэу гум тредзэ. Мис ахэр фІыуэ соцІыхуж, я нэкІухэри си нэгум къыщІохьэж.

**- Шэч хэлъкъым, дохутырым сымаджэм жриІэ псалъэхэр, ирит фІэщхъуныгъэр абы и Іэзэгъуэм щыщ Іыхьэу зэрыщытыр.**

- Сымаджэм дзыхь зыхуебгъэщІыным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Уи жыІэр зи фІэщ хъум, гугъэ иІэу узым пэщІэувэфым нэхъ тыншу сэбэп ухуохъуф. Дохутырым психолог къалэнри егъэзащІэ. Узым кърита шынэм зэщІиІыгъэр, псом япэрауэ, абы къыІэщІэгъэкІын хуейщ. Дауэ? Уепсалъэурэ, удэуэршэрурэ, шыІэныгъэ пхэлъу и Іуэхур зытетыр гурыбгъаІуэурэ. Яхэтщ абыхэм псалъэ дахэр зыхэмызагъэу узыщІэгубжьэн хуей хъухэри. ЦІыхур зыхуэдэр къыумыщІауэ, илажьэ дыдэр жепІэ хъунукъым, ар зыхуэмыгъэвынхэри щыІэщи. Сэ си деж къэкІуа сымаджэм и щытыкІэр и бжэ къытеуІуэкІэмкІэ, и къыІухыкІэмкІэ, и къыщІэбэкъуэкІэмкІэ къызощІэ, адэкІэ и нэгум сызэриплъэу, псори гурыІуэгъуэ сщохъу. Сепсалъэурэ сызэрыбгъэдыхьэну, сыкъызэрыдекІуэкІыну щІыкІэр къызощІэ. ЦІыху сымаджэм и узыр и нэгум къощ, псалъэм папщІэ, лыших узыфэр зиІэм ар и нэм къыщІех - нэкугъуэхэр цІыкІуу, цІууэ щытщ.

**- Сыт хуэдэ зэманми дохутыр ІэщІагъэр щІэупщІэ зиІэхэм ящыщщ, хуеджэну хуей ныбжьыщІэхэм илъэс къэс я бжыгъэр нэхъыбэ мыхъумэ, кІэрыхуркъым. Ауэ, гъащІэм къызэригъэлъагъуэщи, абыхэм псоми ІэщІагъэлІ нэс къахэкІыркъым.**

- Хъэлат хужь къабзэм, ІэщІагъэм иІэ пщІэм, адэ-анэм я псалъэм тепщІыхьу ар къыхэпхыныр щыуагъэщ. Дохутырым илъагъур цІыхум и дахагъэмрэ абы фІыуэ хэлъымрэкъым, атІэ нэхъыбэу ар зыІууэр сымаджэм и тэмакъкІэщІагъырщ, тхьэусыхафэрщ, губжьырщ. ШыІэныгъэ пхэлъу, гущІэгъу хуэпщІу, уи зэмани уи гуащІи уемыблэжу абы узэрыдэІэпыкъунум ухущІэмыкъунумэ, а ІэщІагъэр ууейкъым. Сэ университетым сыщыщІэтІысхьам ди курсыр цІыхуи 150-рэ хъурт, абы щыщу ІэщІагъэм пэрытыр абы и ныкъуи хъужыркъым. Улажьэуи сощІ, пхузэфІэмыкІмэ, уи деж зыри къэкІуэнукъым. Зы жьэм жьэдэкІыр, жьищэм жьэдохьэ жыхуиІэраща, уи хъыбарыр псынщІэу цІыхухэм яхэІуэнущ. Аращи, удохутырми, уи сэбэп цІыхухэм иумыгъэкІыфмэ, сыт уи ІэщІагъэм и мыхьэнэр?!

**- Мурат, уи бынхэм уи ІэщІагъэр къыхахыжыну жаІэмэ...**

- Езыхэр хуеймэ, пэлъэщыну къысщыхъумэ, сапэрыуэнукъым. ЩІалэм мы гъэм курыт школыр къиухащ, ауэ къыхихар нэгъуэщІ ІэщІагъэщ. ХъыджэбзитІыр а Іуэхум нэхъ дехьэх, ауэ ахэр зэкІэ цІыкІущи, зыгуэр жыпІэнуи пасэщ. «Ухуейт уи лъагъуэм ирикІуэжыну?» - жыпІэмэ... Шэч хэмылъу... ЩІэныгъэми ІэщІагъэми хэзэгъэнымкІэ сэ сыткІи дэІэпыкъуэгъу сахуэхъуфынут. Лэжьыгъэ и пІалъэ фІыуэ зыщІэ гъуэгугъэлъагъуэ уиІэныр куэд и уасэщ.

*Епсэлъар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**
*Сурэтыр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

Щикъухьащ адыгэр дунеижьым





# Лъабжьэр быдэмэ, щхьэкIэр лъагэщ

**Израилым щыIэ Кфар-Камэ адыгэ къуажэм «Ди псэ» сабий къэфакIуэ гуп дахэ иIэщ. Журтхэм яхэс ди лъэпкъэгъухэм пщIэшхуэ хуащI лъэпкъ щэнхабзэм, анэдэлъхубзэр яхъумэ, адыгэ хабзэр я Iэпэгъущ. Абы и щыхьэтщ къыдэкIуэтей щIэблэр адыгагъэм, адыгэ щэнхабзэм зэрыщIапIыкIыр.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым икIауэ абы щыпсэу Iэпщэ Рустам и жэрдэмкIэ къызэригъэпэща гупыр нобэ ныбжьыщIэ куэд зыхэт ансамбль екIу хъуащ. Къуажэм къыщIэхъуэ цIыкIухэм апхуэдизкIэ я лъым хэтщ адыгэ къафэмрэ адыгэ пшыналъэмри, адэ-анэм я лъэIукIэ, гуп зыбжанэу гуэшауэ ягъасэ.

- Хуабжьу дехьэх ныбжьыщIэхэр къафэм, пшынэм, бэрэбаным, - жеIэ Рустам. - Апхуэдэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкIэ сэбэп къысхуохъу Кфар-Камэ жылэ хасэм и тхьэмадэ Нэпсо Закарие, курыт еджапIэм и унафэщI Хьэтыкъуей Рандэ сымэ. Къафэр утыку узэрит къудейкъым, атIэ абы лъэпкъ хабзэри щолъагъуэ, уи дуней тетыкIэр къафэбзэкIэ къэIуэта мэхъу. КъафэмкIэ дерсхэр екIуэкIыху тхыдэми, щэнхабзэми, хабзэми дылъоIэс, ахэр яхуэсIуатэурэ садэлажьэу аращи, си гуапэ мэхъу сызэрызэхахыр, жысIэр зэрызыхалъхьэр. Израилым ис адыгэ сабийм и гум, и псэм хэлъу къалъху зэрыадыгэр. Апхуэдэ гу къабзэ цIыкIухэм гулъытэ яхуэпщIмэ, лъэпкъ щIэиным щIэппIыкIмэ, жыг щхьэкIэ лъагэу заукъуэдиинущ. Ар фIыуэ къызгуроIуэри, къафэм и мызакъуэу, ди лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр нэхъ зэрызыхезгъэщIэным иужь ситщ, я адэ-анэхэри абы и лъэныкъуэкIэ набдзэгубдзаплъэхэщ. Хэхэс адыгэр, зыхуей игъуэту хамэ щIыналъэм щыпсэу щхьэкIэ, псэкIэ никъуэщ. Мис ар иризгъэкъужыну сыхэту цIыкIухэм садолажьэ икIи гъэмахуэ къэс хэкум къызэрытшэным иужь дитщ. Тхьэм жиIэмэ, «Ди псэ» цIыкIухэм я концерт Налшыки зэ щыдгъэлъэгъуэнщ.



«Ди псэм» и гуп нэхъыжьыми нэхъыщIэми я фащэхэр Налшык щрагъэд, щIалэхэри хъыджэбзхэри дахэу зэщыхуэпыкIауэ утыкум итщ. Къуажэм сыт хуэдэ гуфIэгъуэ Iуэху къыдэхъуэми ягъэдахэ абыхэм. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, сабий гъэсапIэр, курыт школыр къыщауххкIэ иращIэкI гуфIэгъуэ пшыхьхэм хэтщ. Абы къищынэмыщIауэ, Кфар-Камэ дэт Адыгэ музейм турист куэд щызэблокI, хамэ къэралхэм къикIауэ. Адыгэм къыщIэна хьэпшыпхэмрэ лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэмрэ щагъэлъагъуэ музейм «Ди псэр» щрагъэблагъэ куэдрэ къохъу, зыплъыхьакIуэхэм адыгэ щэнхабзэр нэрылъагъу щащIын папщIэ. ИкIи ахэр зигу иримыхьа зы цIыхуи дэкIыжакъым къуажэм.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху дахэу илъэс къэс Кфар-Камэ щокIуэкI Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалыр. Хамэ къэрал щыщ ансамблхэр чэзууэ кърагъэблагъэри, хэхэс адыгэхэм я деж концерт щат. Абы щыгъуэми а гуфIэгъуэ зэхыхьэр ягъэдахэ ансамблым и къэфакIуэ цIыкIухэм. Ахэр зы утыку къыщыдэфащ АР-м и «Налмэс» ансамблым, КъБР-м и «Кабардинка» къэфакIуэ гупым, Тыркум къикIа «Iуащхьэмахуэ» гупым.

Мы цIыкIухэм щIыпIэ куэдми зыкъыщагъэлъэгъуэну хунэсащ, адыгэм и цIэр яIэтрэ ди лъэпкъ щэнхабзэр утыку кърахьэу. Апхуэдэу ахэр хэтащ Чехым, Венгрием, Иорданием, нэгъуэщI къэралхэми щекIуэкIа фестивалхэм, уеблэмэ Мейкъуапи щыIащ, иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэну я гурылъщ. Дахэу къызэрыфэфым и закъуэкъым Израилым ис сабийхэр адрейхэм къахэзыгъэщыр, атIэ я анэдэлъхубзэр шэрыуэу ягъэбзэрабзэ. Япэ классым щегъэжьауэ адыгэбзэр, ивритыр, хьэрыпыбзэр, инджылызыбзэр ядж, ауэ адыгэбзэм япэ ирагъэщ щыIэкъым, икIи къуажэм дэсу хамэбзэкIэ пхуэпсэлъэнукъым. Кфар-Камэ псоми къазэрыхэщыр сыт жыпIэмэ, ар адыгэбзэ фIэкIа зэрыщызэхыумыхырщ. КъэфакIуэ ныбжьыщIэхэри хамэ къэрал къыщыхъу щхьэкIэ зэрыпсалъэр адыгэбзэщ.

# Тыркум и Нарткъалэр

**Тырку Республикэм и къалащхьэ Анкара километр 40-кIэ пэжыжьэу щыIэ Нарткъалэ (Nartsitesi) адыгэ жылэм зэ удыхьамэ, пщыгъупщэжынкIэ Iэмал иIэкъым. Абы щыхьэщIэну зи насып къихьахэм сащыщщ сэри.**

НАРТКЪАЛЭ зыхуэдэ щымыIэ жылэщ, сыту жыпIэмэ, мыбы дэсыр адыгэ унагъуэ защIэщ. Я бзэ, я хабзэ, я тхыдэ зэрахъумэжын Iэмалу къагупсыса хэкIыпIэщ мыр - зэлъэпкъэгъухэр зэгурыIуэщ, я мылъку зэхалъхьэри, унэ зэщхьхэр ирагъэщIащ. Хэкужьым ит адыгэ къуажэ дыдэм хуэдэу зэхэсщ мыхэр, адыгэ ерыскъыхэр ягъэхьэзыр, лъэпкъ макъамэхэр къыщоуэ, уеблэмэ унэ кIуэцIхэр адыгэ хьэпшыпхэмкIэ гъэщIэрэщIащ.




Уэрамхэм укъытехьамэ, гур хегъахъуэ абыхэм я цIэхэм: Iуащхьэмахуэ, Къэбэрдей, Налшык, Тэрч, нэгъуэщIхэри. АдыгэцIэхэр зытетха апхуэдэ пкъохэр уэрам зэблэкIыпIэхэм тетщ, унащхьэхэмрэ унэ джабэхэмрэ адыгэ ныпым тет вагъуэ пщыкIутIымрэ шабзищымрэ тещIыхьащ, унэ щIыхьэпIэ къэс адыгэ хьэпшып гуэркIэ гъэдэхащи, щыпсэур зэрыадыгэр къыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Жылэдэсхэм я гуапагъэмрэ псэ хуабагъэмрэ къызэрыбгъэлъэгъуэжын псалъэ гъуэтыгъуейщ, дэтхэнэри хьэщIэм щыгуфIыкIрэ зэригъафIэр фIэмащIэу елIалIэу апхуэдэщ. Мамхэгъхэ Джумхьуррэ Йлдызрэ (Рахъуэхэ япхъущ) я унагъуэм сыщыхьэщIати, гъунэгъухэр адыгэ шхыныгъуэхэр яIыгъыу пщэдджыжьышхэм, пщыхьэщхьэшхэм ирихьэлIэу къекIуэкIырт, анэдэлъхубзэм хуэнэхъуеиншэрэ хэкум икIахэм зыкъытщамыгъэнщIу къыдбгъэдэст. Тырку шхыныгъуэу тхузэблах IэфI къомым нэмыщI, лэкъум хуабэ, кхъуей цIынэ, джэдыкIэжьапхъэ хуэдэ адыгэ шхыныгъуэхэр тхуапщэфIырт.

Лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр яхъумэжын папщIэ ящIа жылэ цIыкIум куэбжэ хэлъщ, и цIэр ину тетхащ, абы и лъабжьэм кIэщIэтщ: «1864 гъэм зи хэку кърахуа адыгэхэм я бзэр, я хабзэр, щэнхабзэр яхъумэжын папщIэ яухуа жылэщ». Илъэс зытхух хъууэ аращ Нарткъалэр зэраухуэрэ, итIани адыгагъэм и IэфIагъыр щызыхэпщIэу ди лъэпкъэгъу унагъуэ 90-р щызэхэсщ, зылI и быну зэрыIыгърэ адыгэ жьэгур ягъаблэу.

# ЛIышэм и мурадыфIхэр

**Иорданиеращ къыщалъхуари къыщыхъуари ЛIышэ Нарт. Кавказ зауэжьым и лъэхъэнэм зи хэку зрагъэбгына мухьэжырхэм я щIэблэ щIалэм зэрыцIыкIурэ и мурадщ хэкум зэ нэхъ мыхъуми къэкIуэну, къехъулIэмэ, щыпсэуну къэIэпхъуэжыпэну. Абы и адэр адыгэщ, и анэр убыхщ. Адыгэ унагъуэм къыщыхъуа сабийхэр IуэрыIуатэм, адыгэ хабзэм щIапIыкIати, къызыхэкIам хуэфащэу гъащIэм хэуващ.**

ЗЭМАН жыжьэм Иорданиер псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэр зэгъунэгъуурэ тIысырт. Адыгэхэр, абазэхэр, убыххэр, абхъазхэр зэкъуэш пэлъытэу зэхэст, лъэпкъ зэхэгъэж ямыIэу. Нарт къыщыхъуа щIыпIэри апхуэдэти, адыгэбзэ фIэкIа зэхихакъым балигъ хъуху. Курыт еджапIэм щыщIэтIысхьам хьэрыпыбзэкIэ зы псалъэ ищIэртэкъым, школым щылажьэхэмрэ щеджэхэмрэ жаIэр къыгурыIуэртэкъым.

- Гугъущ нэгъуэщI къэрал ущыпсэунуи, уи хабзэрэ уи бзэрэ щызепхьэнуи, узыхэсхэм я дуней тетыкIэр къадумыщтэу уакъыдэгъуэгурыкIуэнуи, - жеIэ Нарт. - Сэ зэрыхуэзгъэфащэмкIэ, хэхэсхэм я щхьэм гупсысэ куэд щызэблокI икIи мис а лъэпкъитI, хэкуитI гъащIэр я гум щызэныкъуэкъуу апхуэдэщ. Дэнэ ущыIэми ухэхэсщи, сытым дежи уи гупсысэм хэмыкIыр уи унэ, уи хэку зэбгъэгъуэтыжын зэрыхуейрщ. Абы псэхупIэ къуитыркъым. Укъызыхэк Iам урипагэну ухуейуэ, ауэ узыщыщ дунейр абы зыкIи емыпхауэ упсэуныр тыншкъым. Иджы къытщIэхъуэ щIэблэм хуэм-хуэмурэ яIэщIоху а зи гугъу сщIы лъэпкъ зэхэщIыкIыр, адэжь щIыналъэ зэрыщыIэр ящогъупщэри, дунейм къыщекIуэкI глобализацэм хошыпсыхь.

Нарт зэрыжиIэмкIэ, сытым дежи и псэм къилъыхъуэрт и гур щыпсэхун хэкур. Арауэ къыщIэкIынущ гъуэгу къытезышэжари. Университетым программист IэщIагъэр щызэригъэгъуэта нэужь, абы Иорданием щрилэжьащ. ИужькIэ и щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ хигъэхъуэн мурадкIэ Америкэм кIуащ. Программистым Америкэм лэжьапIэ щимыгъуэтынкIэ шынагъуэтэкъым, ар хуабжьу пщIэ зыхуащI, къагъэсэбэп IэщIагъэхэм ящыщщ. ИлъэсиплIкIэ США-м и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэуащ, щылэжьащ, ауэ сыт хуэдиз ахъшэ къыщимылэжьами, ари хэку хуэхъуакъым. «Си ныбжьыр илъэс 30 ирикъуащ, итIани си гур щыпсэху щIыпIэ къысхуэгъуэтакъым. Абы щыгъуэм мурад сщIащ сыт хуэдэ гугъуехь пымылъами, Кавказым сыкIуэжыну. УздэIэпхъуэжыну псом нэхърэ нэхъ тыншу къыщIэкIар Абхъазрати, си тхылъхэр АР-м и МИД-м езгъэхьащ. ИкIи занщIэу жэуап къызатыжащ сыкъихьэну сыхуиту», - игу къегъэкIыж Нарт.

ЩIалэр Абхъазым къэса нэужь, Репатриацэмк Iэ къэрал комитетым ирагъэблэгъащ. Абы къыхуагъэлъэгъуащ абхъазу зригъэтхмэ, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу къэралым и цIыхуу зэрыщытымкIэ паспорт къызэрыратынур. Ауэ ар щIалэм къыхуегъэзэгъакъым. ЗэрыцIыкIурэ адыгэу зыкъэзылъытэж Нарт къызыхэкIа лъэпкъыр ихъуэжыну хуеякъым. Иджыри къыздэсым Абхъазым щопсэу, ауэ абхъаз паспорт иIэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар адыгэ лIакъуэрщ къызытекIар.

«Абхъазхэм гуапэу сыкърагъэблэгъащ. Ауэ абхъаз паспорт сиIэн щхьэкIэ абхъазу зысхуегъэтхакъым. ЦIыху гуапэщ ди къуэшхэр. Си сумкэхэр сIыгъыу япэ дыдэу сыкъыщыкIуам Хагбэ Лидэ сызэрыхьэщIэм гу къылъитэри, къызбгъэдыхьат: «Дэнэ укъикIа, ущыпсэун уиIэ?» - жиIэри. Си Iуэху зытетыр щыхуэсIуатэм, я унэ сригъэблэгъащ, сызытеувэху сыщыпсэуну. Уеблэмэ, си япэ IэнатIэр къысхуэзыгъуэтар аращ. Я гъунэгъу библиотекэм администратор къызэралъыхъуэр зэхихати, занщIэу абы сишащ».

Илъэсрэ никъуэкIэ Лъэпкъ библиотекэм щылэжьащ ЛIышэр. Компьютерхэр къутамэ яхуищIыжырт, къищынэмыщIауэ, а зэманым къриубыдэу библиотекэм сайт къахузэригъэпэщащ. А зэманым абхъазыбзэр зэгъэщIэнми иужь ихьащ щIалэр. ИужькIэ абы щыпищащ Абхъазыбзэм зегъэужьынымкIэ фондым. Илъэс ныкъуэм къриубыдэу бзэуэ ищIэр «зыщигъэгъупщэри», ныбжьэгъу хуэзэми, тыкуэн щIыхьэми, лэжьыгъэм пэрытми, абхъазыбзэ фIэкIа къимыгъэсэбэпу зригъэсащ. ТхыбзэмкIэ абы дерсхэр къыдригъэкIуэкIащ егъэджакIуэ Шамбэ Дианэ. Апхуэдэу гугъу демыхьыщэу абхъазыбзэр зригъэщIащ Нарт.

«ПсалъэщIэу зэхэсхымрэ псэлъафэхэмрэ стхы зэпытт. Тхыбзэм селIалIэрт. Бзэр гугъуу жаIэми, арэзы сытехъуэркъым. Республикэм ущыпсэумэ, езы абхъазхэм уахэтмэ, тыншу пIалъэ кIэщIым зыбогъащIэ», - жеIэ Нарт.

Бзэр зэрызригъэщIам къыдэкIуэу, абы елэжь хъуащ щIалэр. Абхъазыбзэм зегъэужьынымкIэ фондым программисту щылажьэрти, къалэну зыхуигъэувыжащ абхъазыбзэр бжыгъэхэм хуигъэкIуэну, компьютер программэхэмрэ гуэдзэнхэмрэ къигъэсэбэпу иджырей дунейм лъэрызехьэ щищIыну. «Анэдэлъхубзэхэм «бжыгъэр зи лъабжьэ гъащIэ» едмытмэ, кIуэдыжынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. МакъкIэ къэпсалъэ, навигатор, зэдзэкIакIуэ гуэдзэнхэр анэдэлъхубзэкIэ «дгъэпсалъэмэщ» бзэр щыпсэунури цIыхухэм къыщагъэсэбэпынури», - жеIэ Нарт.

Дуней псор зэщIэзыщта Apple, Google, Microsoft IT-компаниехэм ягъэлажьэ апхуэдэ гуэдзэным уеIусэну, уи бзэкIэ бгъэпсэлъэну ухуиткъым, ауэ абыхэм цIыхухэм къагъэсэбэп хъу нэгъуэщI программэхэри къыдагъэкI. Апхуэдэщ Нарти зи ужь ихьар, Microsoft компанием и «Common voice» программэмкIэ, абхъазыбзэкIэ егъэтха сыхьэт 2000, макъ мини 8 зэригъэпэщыфынущ. Ахэр хуабжьу сэбэпышхуэ хъунущ бзэр зэзыгъэщIэну, ар къэзыгъэсэбэпыну зи мурадхэм папщIэ. Апхуэдэуи бзэр мыкIуэдыжыным щхьэпэу хуэлэжьэнущ. Анэдэлъхубзэхэр щытыкIэ гугъу щихуа лъэхъэнэм гаджетхэр къытхуэгъэсэбэпмэ, ар къегъэлакIуэ нэс хъуну къелъытэ ЛIышэ Нарт.



*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**.




# Гухэлъыр щыкlуэдыр

Гуапагъэр - зи лейри зэран мыхъу хьэлщ.

КъэкIуэнум фемыгупсысмэ, апхуэдэ фиIэнукъым.

Закъуэныгъэракъым цIыхум дежкIэ нэхъ Iей дыдэу щыIэр, атIэ уи Iэр зэтедзауэ ущысынырщ.

Дэтхэнэри пэжу щытыным хущIокъу, ауэ куэдым къайхъулIэркъым.

ЛIэныгъэм Iейуэ хэлъри - уэ дунейм утокIыжри, фIыуэ плъагъу псори къонэ.

Лъэпощхьэпохэм щышынэ лъагъуныгъэр лъагъуныгъэкъым.

ГушыIэныр зыхэвмын. ЦIыхум дежкIэ гушыIэр зыхуэдэр розэм мэ гуакIуэ къыпихынырщ.

Делэращ псори ищIэу жызыIэфынур.

ГъащIэм нэхъ Iейуэ хэлъхэм ящыщщ пщIар зэпхъуэкIыжыну Iэмал ущимыIэм деж.

ЦIыхум пщIэ яхуэпщIыным къикIыр уи щхьэм пщIэ хуэпщIыжынырщ.

ЦIыху псори зэщхьщ: зэрахузэфIэкIкIэ нэхъыбэ къащтэ, ауэ ятыр нэхъ мащIэщ.

Гухэлъыр мэкIуэд жьыбгъэм щыхэбутIыпщхьэм деж.

ЦIыхум укъызэрыщыхъур уэ зыкъызэрыбгъэлъагъуэм хуэдэущ.

Лъагъуныгъэм псори зэрехъуэкI, ар дуней псом щытепщэщ, щIэрыщIэуи къигъэщIыжыфынущ. Лъагъуныгъэр ди псэм и дыгъэщ икIи и жьыбгъэщ. Языныкъуэхэм дежи уэшх тхуохъу...

* * *

Инджылыз прозаик, драматург, Нобель саугъэтым и лауреат Голсуорси Джон 1867 гъэм шыщхьэуIум и 14-м Кингстон-Хилл (Суррей графствэ) инджылыз къалэм къыщалъхуащ. Харроу школым адвокат Iуэхухэм щыхуеджащ, иужькIэ Оксворд университетым щIэтIысхьащ. Ауэ Голсуорси дихьэхтэкъым къыхиха IэщIагъэми, юриспруденцэ IэнатIэм пэрымыувэу, я унагъуэ хьэрычэтыщIэ Iуэхум кIэлъыплъын хуэдэу хамэ къэрал кIуащ.

Голсуорси и япэ тхылъыр, рассказ зыбжанэ щызэхуэхьэсар, 1897 гъэм дунейм къытехьащ. Абыи адэкIэ къыкIэлъыкIуа зыбжанэми кIэщIитхар Синджон Джонщ. Абы пьесэхэри романхэри итхыу щытащ. Иджы Голсуорси нэхъыбэу къызэрацIыхур и романхэмкIэщ. Псом хуэмыдэу «Сага о Форсайтах» трилогием куэд щыгъуазэщ. Нобель саугъэтыр литературэмкIэ къратауэ щытащ 1932 гъэм. 1933 гъэм дунейм ехыжащ инджылыз тхакIуэр.

## Дуней псом къыщацIыху «емыджэфхэр»

Зэчий зыбгъэдэлъ цIыху цIэрыIуэхэм я гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ къэзыхутэхэм жаIэ ахэр школакIуэ, студент «хуэмыхухэм» ящыщу зэрыщытар. Къапщтэмэ:

**Ньютон Исаак** нэхъ мыхьэнэншэу еджэхэм ящыщт. Зэгуэр и классым щIэс щIалэ цIыкIум езауэри, къиубэрэжьати, щIэныгъэкIэ ипэ ищыну мураду зыхуигъэувыжри, мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу псом нэхърэ нэхъыфIу еджэ хъуащ;

**Отто фон Бисмарк** - Германие пащтыхьыгъуэм и канцлер, щIагъуэу еджэу щытакъым, лэжьыгъэкIи жыджэракъым;

**Наполеон** фIыуэ еджэу щытакъым, ауэ математикэм хъарзынэу хищIыкIырт;

**Бетховен Людвиг** щыуагъэ хэту фIэкIа тхэфыртэкъым, зыхэлъхьэн-зыхэхынхэри фIыуэ къехъулIэртэкъым. АбыкIэ Дюма Александр-адэм ещхьт;

**Нобель** саугъэтым и лауреат **Эйнштейн Альберт** ику иту еджэрт. И адэ-анэм жаIэу щытащ абы щIэныгъэ куу зэрызримыгъэгъуэтыфынур, къызэрыгуэкI IэнатIэ гуэрым пэрыгъэувэн зэрыхуейр;

**Маяковский Владимир** тхылъыр къыфIэIуэхутэкъым, уеблэмэ «Анна Каренинэ» и кIэм нэсу зэремыджамкIэ зиумысыжырт;

**Пушкин Александр** лицейм щыщIэсым еджэным щIагъуэу хэзагъэу щытакъым, уеблэмэ, есэпымкIэ дерсхэм щыщIэсым деж гъыуэ щытащ;

**Чехов Антон** курыт школым щыщIэсым тIэу кърагъэнэжауэ щытащ;

**Королев Сергей**, япэ ракетэхэр, спутникхэр къэзыгупсысар, «Восток», «Восход» космическэ кхъухьхэр къэзыгъэщIар «3»-кIэ еджауэ аращ.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

## Дунейм зэрыщызэпсалъэ бзэхэр

ХИНДИ УРДУ - Индием и бзэхэм ящыщщ. Ар цIыху мелуан 55-м я анэдэлъхубзэщ, ауэ цIыху мелуан 900-м нэс иропсалъэ. А бзэм щропсалъэ Индием, Пакистаным, Непалым, Фиджим, Маврикийм - псори зэхэту къэрал 20-м нэсым.

* * *

ИСПАНЫБЗЭР - роман бзэ гупым щыщщ. Ар цIыху мелуан 400-м я анэдэлъхубзэщ. Ауэ абы ирипсалъэхэр мелуан 450-м щIегъу - Испанием, Мексикэм, Колумбием, Эквадорым, Перум, Боливием, Аргентинэм, Уругвайм - къэрал 23-м щыпсэухэр.

* * *

ИНДЖЫЛЫЗЫБЗЭР цIыху мелуан 400-м я анэдэлъхубзэщ, ауэ абы цIыху мелардым щIигъу иропсалъэ: Великобританиер, США-р, Ирландиер, Австралиер, Новэ Зеландиер, Канадэр, нэгъуэщIхэри - псори зэхэту къэрал 76-рэ.

## Жэрумэ гъэгъуа, кIэртIоф щIэлъу гъэжьауэ

Жэрумэ гъэгъуар см 2 и Iувагъыу хъурейуэ зэпаупщI, Iуданэкlэ пхамэ, ар къыхах, тебэ къэплъам сатыру зэлъэмыIэсу Iубауэ иралъхьэ. Абы псы щIыIэ щIакIэри, и щхьэр трапIэ, мафIэ цIыкIум тету ягъавэ. МафIэр инмэ, жэрумэр мыжьэ щIыкIэ псыр щIоващIэ. Псыр дакъикъэ 25 - 30-кIэ щIэвэщIэн, жэрумэр абы дэвэн хуейщ. ИтIанэ упщIэтауэ кIэртIоф, бжьын, шыгъу, шыбжий плъыжь сыр халъхьэри, тебащхьэр тепIауэ, мафIэ цIыкIум тету аргуэру дакъикъи 6 - 8-кIэ ягъажьэ езым къыщIэжа дагъэмкIэ. Хьэзыр мэхъу щыжаIэм, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэри, зэIамыщIэу дакъикъи 8 - 10-кIэ мафIэм трагъэтыж. Iэнэм зэрытрагъэувэр пщтырущ. ПIастэ хуабэ, щIакхъуэ, чыржын, мэжаджэ дашх.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*
жэрумэ гъэгъуауэ - г 160-рэ,
кIэртIоф укъэбзауэ - г 250-рэ,
псывэу - г 150-рэ,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30,
етIуанэу щIакIэ псывэу - г 100,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**



## Уэгум вагъуэбэр щыкуэдщ

Алыдж астрономхэм къызэрахутамкIэ, вагъуэбэ 48-рэ щыIэщ. Ауэ абыхэм яужькIэ нэгъуэщI астрономхэм вагъуэбэ 40 къахутащ. Вагъуэбэхэм яхэтщ гъэм и лъэхъэнэ хэхахэм деж фIэкIа уафэм щумылъагъухэр. Иджыри къамыхутэфауэ нэгъуэщI вагъуэбэхэри щыIэнкIи хъуну къалъытэ щIэныгъэлIхэм.

* * *

Зи Iэпкълъэпкъыр нэхъ хуабэ дыдэр джэдырщ - градус 43-рэ. Абы кIэлъокIуэ тхьэрыкъуэр, бзу цIыкIухэр - градус 42-рэ. Гуэгушым, къазым, бабыщым, жьындум, къашыргъэм я хуабагъыр зэхуэдизщ - градус 40 - 41-рэ. Iэщ пIащэм, мэлым, хьэм, джэдум - 37 - 39-рэ яIыгъщ. ЦIыхур, номиныр, шыдыр, шыр, пылыр зэрызэщхьэщыкI щыIэкъым - градус 35 - 38-рэ.

* * *

Ди эрэм ипэкIэ 3200 гъэм Мени фирхьэуным Мысырым щыIэ пщыгъуэхэр зэгуигъэхьэри, Мемфис зи къалащхьэ Мысыр къэралыгъуэр къызэригъэпэщащ, дунейм щыяпэ дыдэу. Илъэс 500 хуэдиз дэкIа нэужь ар лъэщ мэхъу икIи ди эрэм ипэкIэ 2725 гъэм зауэ зекIуэхэр ирегъажьэ, лъэныкъуэ куэдкIэ унэтIауэ. Апхуэдэурэ къизэуащ Суданыр, Сириер, Ливаныр зэрыс щIыналъэхэр.

* * *

Хэку зауэшхуэр щыщIидзам СССР-м и Дзэ-Тенджыз флотым иIащ зэрызауэ кхъухь зэмылIэужьыгъуэу 1000-м нэс. Абыхэм ящыщу 3-р линкорт, 54-р эсминецт, 212-р псыщIагъырыкIуэт, 22-р псы Iуфэхэр зыхъумэт, 80-р хьэлъэзешэт, 287-р торпедэ зезыхьэт. Абы нэмыщI ди къэралым иIащ тенджыз авиацэм и кхъухьлъатэу 2.800-рэ, артиллерием и псы Iуфэ батарееу 260-рэ.

# Псалъээзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **1**. НапIэзыпIэ. **4**. Гъэм и зэман. **8**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **9**. ... лъакъуэ щIэткъым. **11**. ДжэдыкIэ ... **13**. ЦIыху Iэсэ, Iэдэб. **16**. Iэпслъэпсым щыщ. **17**. Уэщым нэгъуэщIу зэреджэ. **18**. Ар вым и пщэм тралъхьэри, гум щIащIэ. **22**. Языныкъуэ псэущхьэхэм я щIыфэм хищIэ хьэпIацIэ. **23**. Теплъэншэ, фэншэ.

*Къехыу:* **2**. Псыхъуэхэм, гуэл Iуфэхэм къыщыкI жыг, зи фэр щхъуафэ-гъуабжафэ. **3**. Щхьэгъубжэм и зы Iыхьэ. **5**. ... тесу псым йопыдж. **6**. Хьэлу гъэва. **7**. Насып зимыIэм и ... хъудырым IуещIыкI. **10**. ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI ... щощIэ. **11**. Псыежэх, район. **12**. МахуэцIэ. **14**. Сосрыкъуэ бзаджагъэкIэ хигъэщIа биижь. **15**. Зи гур иудауэ къэхъуа цIыху. **19**. Жьэ бзаджэ зыщIэт. **20**. Пшынауэ цIэрыIуэ, гъэсакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист. **21**. Зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхухъу.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

***ФокIадэм и 11-м ди газетым тета псалъээзэблэдзым и жэуапхэр:***

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Пщыпхъу. **4**. КъуапцIэ. **6**. Пэщ. **7**. ПщылI. **8**. Мывэ. **9**. Умэ. **11**. Шылэ. **13**. Инат. **16**. Шынэкъэрабгъэ. **17**. «Нанэ». **18**. Джэрш. **19**. Адэ. **20**. Губгъуэ. **22**. Жэпкъ. **24**. Уэд. **26**. Хьэмид. **27**. УщIоуэ.

*Къехыу:* **2**. Щыщ. **3**. Хъуп. **4**. Къущ. **5**. ЦIыв. **10**. Мухьэмэд. **11**. Шэшэн. **12**. Ленин. **14**. Набдзэ. **15**. Тхьэгъуш. **21**. Бгъэ. **23**. Пэу. **24**. Уд. **25**. Ду.





# Ди лъынтхуэмирижэр зылъщ - Хэкум худиIэ лъагъуныгъэрщ

**«Абазэххэ, беслъэней, бжьэдыгъу, мамхэгъ, жаней, къэбэрдей, кIэмыргуей, мэхъуэш, натыхъуей, убых, хьэтыкъуей, шапсыгъ! Адыгэ лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутI! Iэпкълъэпкъыу цIыхум фхуэдиз щи иIэр, зыгуэр фыхэщIу ди гур ивмыуд». Мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ Адыгэхэм я махуэр Налшык къалэм дэт Прогимназие №34-м къыщызэIуахащ. Махуэшхуэм и гупсысэ нэхъыщхьэр арагъэнщ жыуегъэIэ.**

ЕДЖАПIЭМ и пщIантIэм щрагъэувэкIат адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ зыхуэIэкIуэлъакIуэу къэгъуэгурыкIуа IэщIагъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэр: пхъэм къыхэбзыкIа хьэпшыпхэри, хэдыкIри, нэгъуэщI куэди. А псом лъагэу фIэдзауэ къащхьэщытт адыгэр зэрыгушхуэ и бэракъыр.

ГуфIэгъуэ махуэр къызэIуахащ «Шагъдий» къэфакIуэ гупым хэтхэм.

Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ защыхуигъазэм, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ **ЛIыIэщын Людмилэ** къыхигъэщащ иужьрей илъэситIым цIыхухэм зэхыхьэну Iэмал зэрамыIам къыхэкIыу, прогимназием къызэригъэпэща Iуэхум гуфIэгъуэр тIууащIэ зэрищIар.

- Департаментым къыбгъэдэкIыу щIэблэми нэхъыжьхэми дынывохъуэхъу нобэрей махуэшхуэмкIэ! Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ куэд фиIэну ди гуапэщ. Ди гъащIэр мамыру, гуапагъэ тхуэщIэу, унагъуэхэр бэIутIэIуншэу псэуну Тхьэм жиIэ! Мы Iуэхугъуэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхузощI. Шэч хэмылъу, гу лъыботэ махуэшхуэм гукIи псэкIи зэрызыхуагъэхьэзырар, лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIар. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр псори дызэгурыIуэ-дызэдэIуэжу дяпэкIи дыпсэуну Тхьэм ищI! Адыгэ лъэпкъым мыпхуэдэ махуэшхуэ куэдрэ игъэлъэпIэну къыхузэпищэ, - жиIащ ЛIыIэщыным.





Абы дыщIигъуащ Адыгэхэм я махуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэщ Iуэхугъуэхэм нэхъыфIыр къыхэхыным теухуауэ департаментым зэхьэзэхуэ къызэрыхилъхьар икIи прогимназиер абы къыхэжаныкIыну Iэмал зэриIэр.

Философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м и транспортым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хъурей Феликс** жиIащ зэманыр кIуэхукIэ Адыгэхэм я махуэм и мыхьэнэри нэхъ ин зэрыхъунур.

- Мы Iуэхугъуэр къыщызэрагъэпэща еджапIэр илъэс пщIы бжыгъэ хъуауэ нэхъыфIхэм хабжэу, лъэныкъуэ куэдкIэ ехъулIэныгъэхэр иIэу къызэрыгъуэгурыкIуэм псори дыщыгъуазэщ. Псом хуэмыдэу нэхъыщхьэр сабий гъэсэкIэм мыбдеж гулъытэ ин зэрыщыхуащIырщ. Дыщогугъ а хабзэфIым тету дяпэкIи лэжьэну, - жиIащ Хъурейм.

Нэхъыжьым и IэдакъэщIэкI тхылъ зыбжанэ IуэхущIапIэм тыгъэ хуищIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ **ДыщэкI Мадинэ** къыхигъэщащ Адыгэхэм я махуэр тхыдэм къыгуэхыпIэ имыIэу зэрыхыхьар икIи, шэрджэсхэм я мызакъуэу, а махуэшхуэр адыгэхэр щыхэхэс къэрал псоми щагъэлъапIэу щыхъун зэман къэунэхуну зэрыщыгугъыр. «Апхуэдэ гугъэфIхэр уегъэщI УФ-м и Президент Путин Владимир Дунейпсо Адыгэ Хасэм и илъэс 30-м ирихьэлIэу хъуэхъукIэ зыкъызэрыхуигъэзам», - жиIащ къэпсэлъам.

КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Мэремкъул Иринэ** псалъэ щратым адыгэ лъэпкъыр ефIэкIуэну, бэгъуэну, зэкъуэтыну зэригуапэр жиIащ.

IуэхущIапIэм и унафэщI **Дол Анжелэ** къыхигъэщащ: «Нобэ дызыхэт дыгъэпсым зыкъызэрыддищIым гу лъыфтагъэнщ. Адыгэхэм я махуэшхуэм и щIыхькIэ мыпхуэдэ зэхуэс къызэдгъэпэщыну мурад щытщIам, си гум жиIа хуэдэт нобэ махуэфI зэрытхуэхъунур. Дигури апхуэдэу хуабэу, гуапагъэ тхуэщIэу куэдрэ адыгэ лъэпкъыр игъэпсэу. Ди щIэблэр лъэ быдэкIэ дунейм тедгъэувэфу, нэхъыжьхэр тхуэпсэууэ къытхузэпищэну сынывохъуэхъу. Ди щIыналъэм нэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIа куэд дыщызэдопсэури, дызэгурыIуэу, мамыру дызэдэгъуэгурыкIуэнуи сыхуейт. ХьэщIэхэм фIыщIэ яхузощI ди Iуэхур къыддаIыгъыну къызэрытхуеблэгъам щхьэкIэ. Пэжыр жысIэнщи, сыт хуэдэ мурад умыщIми, ар лэжьакIуэхэм къыбдамыIыгъмэ, къохъулIэнур мащIэщ. Абы къыхэкIыу си лэжьэгъухэми ди сабий дыгъэхэми сахуэарэзыщ».

Адыгэр иджыпсту дэнэ щымыпсэуми, и бзэр мэIу, и хабзэр ехъумэ. Махуэшхуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа дэтхэнэ ныбжьыщIэми игъэлъэгъуащ лъэпкъыр зэрыкъулей псори: пшынэр ягъэбзэрэбзащ, псынщIэрыпсалъэхэм зэрыхуэIэзэм къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ, адыгэ уэрэдхэр жаIащ, лъэтеувэ хабзэм иращIэкIа теплъэгъуэм хэтащ, нэхъыщхьэжращи, кхъуейплъыжькIэрыщIэм я жанагърэ къарурэ щагъэунэхуащ. Лъэпкъым и пщIэр зыIэтыр зэрихьэ хабзэращ. Афэрым, адыгэ лъэпкъ!

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.860
Заказ №2139